ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (24.059) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэ Іэнатіэм 2020 - 2024 гъэхэм зегъэужьыным хуэунэтІа схемэмрэ программэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №114-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэ Іэнатіэм 2020 - 2024 гъэхэм зегъэужьыным хуэунэтІа схемэмрэ программэмрэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и электроэнергетикэ Іэнатіэм 2020 - 2024 гъэхэм зегъэужьыным хуэунэтІа схемэмрэ программэмрэ къэщтэным и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №114-УГ-мкІэ къащтам зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, абы хэт «Балъкъэр Ипщэ ГЭС» псалъэхэр зыхуэфащэ падежым иту «Балъкъэр Ипщэ МГЭС» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІауэ.

3. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщыгъуэтрадза махуэм къыщыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м
№94-УГ

КІуэкІуэ Казбек я щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуахэм яІуощІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Республикэм и Унэм бадзэуэгъуэм и 25-м щыхуэзащ я щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуахэм.

КъБР-м и щІыхуэсин щыналъэм и УнафэщІым зыкъыщыхуагъэзащэ ящыщщ я узыншагъэр, псэуПэр егъэфІэкІуэным, хуэмыщІауэ псэу, бын куэд щапІ унагъуэхэу щытыкІэ гугъу кьихутахэм защІэгъэкъуэным екъэІа Іуэхухэр, нэгъуэщІ зыгъэпІейтейхэр.

КІуэкІуэ К. В. зэІущІэм и ужькІэ КъБР-м и гъэзэщІакІуэ властым и зыхуэфащэ органхэмрэ муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэмрэ къалэн ящищІащ, щІыхуэхэр къыщыхуэкІуа Іуэхуэхэм хэлъэу, абыхэм хэкІыпІэхэр къыхуагъуэтыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

2020 гъэм и яп3 мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2020 гъэм и яп3 мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджет) гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым хэлъхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэльагъуэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр, федеральэ бюджетым щыщу кьыз3рыдзІэпкъыу ахъшэу кьаІэрыхьэну зытрауухуауэ щытахэр хэмыту, сом мин 2679060,3-кІэ, нэгъэщІу жыпІэмкІэ процент 22,1-кІэ зэрагъэзэщІар, апхуэдэуи хэхъуэ псомкІи сом мин 7762375,9-кІэ е процент 19,7-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар. Республикэ бюджетым и хэщІхэр зытращІыхьам щыщу сом мин 6600910,9-кІэ е процент 16,0-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Абы ипкъ иткІэ зыхэпльэж лъэхъэнэм тещІыхьауэ республикэ бюджетым мылъкуу сом мин 11611465,1-рэ кьинащ.

ЩІцхьэкІэ къыщыгъэльэгъуахэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2020 гъэм и яп3 мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётыр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№172-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм и гъатхэ сессиер щиухынымрэ бжьыхьэ сессием щищІидзэнымрэ ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и 1 Іыхьэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм и гъатхэ сессиер щиухынымрэ бжьыхьэ сессием щищІидзэнымрэ ятеухуауэ пІалъэхэр гъэувын къызэрызэкІэлъыкІыным хуэдэу 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-мрэ фокІадэм и 14-мрэ.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№174-П-П

Къалэ администрацэм щыхэпльэнущ налшыкдэсхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэм

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэжьу Таймураз къалэдэсхэм иджыблагъэ захуигъэзащ щыхьэрыр егъэфІэкІуэным сэбэп хуэхъуну къалъытэ жэрдэмхэр къыхалъхьэну икІи ахэр я Іуэхущ1аПІэм къыхуагъэхьыну. Абы теухуа хьыбар зэбгригъэхащ администрацэм и пресс-Іуэхущ1аПІэм.

«ДИ ГЪАЩІЭР хуэм-хуэмурэ тоувэж дызэса псэукІэм икІи нобэ ди къалэн нэхъыщхьэу къэтлъытэр къалэр дэтхэнэ зы цІыхум и дежкІи зэІузэпэщ тщІыныр, иджырей зэманым къиГъувэжм ятещІыхьауэ абы зедгъэужьыныр. Дэ ттеуухуауэ къытІэрыхьэ хъыбарэхэм яхэтщ ди лэжьыгъэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр гъыдзэгъэтэжхэри, гукъыеуэхэри, чэнджэщхэри, Іуэху пыуыкІыхэр ГъэзэщІэным екъэІэ жэрдэмхэри. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр зумыгъэтІылъэкІыу пхуэгъэзэщІэнущ, яхэтщ зэфІэбгъэкІын папщІэ мылъкушхуэ зыхэлъхьэн хуейхэри, зэманышхуэ зытекІуэдзэнухэри. Языныкъуэхэр нэхъапэІуэкІэ дэ дубзыхуауэ дызэлэжьхьэм ящыщщ, яхэтщ зэм кьыхамылъхьауэ щІэ дыдэхэри», - щыжеІэ Ахъуэхъум администрацэм и сайтымкІэ цІыхухэм зэрызахуигъаззэм.

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм кьыхегъэщ кьыхалъхьэ жэрдэмхэми, нэгъуэщІ кьалэхэм зауэжьымкІэ зыІэрагъэхьэ екъуІэныгъэхэм я хъыбархэми набдзэгубдзапльэу зэрыхэлъэр, дэтхэнэ зы лъэІэми цІыхухэм я сэбэпу къыхэкІынур зэрызэпалъытыр.

«Налшыкдэсхэм я тхыгъэ псори сэ къысІэрагъэхьэ икІи си лэжьэгъуэхэр абыхэм зэреплъыр зэхыдгъэкІри, кьыхалъхьам купщІэ зэрыхэлъыр наІуэ къэхуа нэужь, ахэр гъэззэщІэным яужь дохьэ е мытэммэу къэтІытэхэр къатщтэркъым. ЖыпІэ хуэныкъуэ - дэ зыхуей худогъаззэ жылагъуэ зэхуэсСыпІэхэр, парк цІыкІухэр, жьы хуэ бжьамийхэр зыдохъэжькІ, гъуэгу кумбжьамбхэр догъэсей, «додыж», светофорыщІэхэр догъэув», - къыхегъащ Ахъуэхъум.

ЦІыху куэдым администрацэм зыхуагъаззэ гъуэгуэм щІэс зэпрыкІыпІэхэр щыгъэбелджьылыным, лъакъуэрыгъажэкІэ къыщыбжьых хъуну щыпІэхэр уб3ыхуным, машинэ гъэувыпІэхэр щІыным теухуауэ. А псоми хопльэри, зэрагъэзэщІэнум хуагъэхьэзыр. ЗыщІадзауэ ящІ проектхэм ящыщщ Къуэныкъуэйм и цІэр зезыхьэ уэрамыр щІэзэрагъэпэщІыжым абы лъакъуэрыгъажэ хэжьыхьыпІэ зэрыхуащІар, - кьыхигъэбелджьылыкІащ администрацэм и унафэщІым. КъимыдзкІэ, махуэ гъунэгъуэм яужь ихьэнущ Лениным и проспектымрэ Толстойм и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэпылъпІэм деж хуэзэу лъэс зэпрыкІыпІэ щыщІыным.

«Дэ дыхьэзэщІ фи дэхэнэ тхыгъэми дыхэплъэну. Аэр dialogsmerom@mail.ru пощтымкІэ къевгъэхъэ и социальнэ сетхэм ифлъхьэ, #мэриивработу хештегым щІэту. Сэ фІыщІэ хуэощІ ди лэжьыгъэм къыхихьэ дэтхэнэми», - щыжеІэ Ахъуэхъум и тхыгъэм.

КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэмрэ хэту бадзэуэгъуэм и 26-м «Хьэмащэ» хъуПІэм щригъэжьа КІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэщ гъэхъун Іэнатіэм зыщегъэужьыным, гъэмахуэ хъуПІэхэр фейдэ нэхъыбэ къату къэгъэсэбэпыным теухуа Іуэхухэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Абы хэтащ Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м Агрохимие къулыкъущІапІэмкІэ и станцым, Ветеринар медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым, «Хьэмащэ» хъуПІэм и дохутыр Іуэхущ1аПІэм, фермер хозяйствэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІащ щІыналъэм Іэщ гъэхъун Іэнатіэм зыщегъэужьыным теухуа зэІущІэ

НЕХЬЭКІ-къехьэкІ хэмылъу екІуэкІа псалъэмакъыр теухуауэ щытащ республикэм и Іэщ гъэхъун Іэнатіэм мы зэманым щыщыІэ щытыкІэм, абы зегъэужьынымкІэ гъэмахуэ хъуПІэхэм яІэ мыхьэнэм, щыІэ гугъуехьхэмрэ кьалэнхэмрэ щхьэтечу кьагъэлъэгъуащ, абыхэм хэкІыпІэ яхуэжьуну кьалъытэхэр кьыжаІащ.

Псалъэм папщІэ, кьыхагъэщащ 2020 гъэм и яп3 илъэс ныкъуэм мэкъумэшхэкІыу кьыщІагъэкІар 2019 гъэм и иджы хуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 104,7-рэ зэрыхьуар. Былымыпрэ джэдкъазылу тонн мин 48,2-рэ кьалэжьащ (процент 101,7-рэ), шэуэ тонн мин 227-рэ кьашащ (процент 104,8-рэ). Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Іэщыщхуэу яІащ мин 271,2-рэ. Илъэс кІуам елъытауэ былымыш и бжьыгъэр 5415-кІэ нэхъыбэ хъуащ, мэл-бжьыр - 19298-кІэ, щыхэр - 488-кІэ.

Гъэмахуэ хъуПІэхэм щолажьэ щІыху 976-рэ. Аэр Іэщыхьуэхэрщ, фермер Іуэхущ1аПІэхэм я Іэщ1агъэлІхэрщ, лжьакІуэхэрщ. Абыхэм я бжьыгъэми мы дызэрыт илъэсым кьахэхъуащ щІыхуи 180-рэ.

Кьызэхуэсахэм захуигъэзэкІэрэ, КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ Іэщ гъэхъун Іэнатіэм зегъэужьыныр, абы хъеру кьыпІэкІуэм хэгъэхъуэныр республикэм и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ кьыщІыв кьалэн нэхьыщхьэхэм зэращІыщІр. «Абы епхащ ЦІыхухэм Іэнатіэ яІэныр, я хэхъуэхэр бэгъуэныр, шхын узыншэкІэ кьызэгъэпэщыныр, ерыскъыпхъэ шынагъэншагъэр», - жиІащ республикэм и Унафэщ1ым. Мэкъумэш Іэнатіэм кьыщрахьэлІэ продукцэ псоми я процент 40-м ЦІигъур Іэщ гъэхъун Іэнатіэм кьыпыкІа хъерщ.

Іэнатіэм зиужьынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу республикэм и Іэтащхьэм кьигъэлъэгъуащ гъэмахуэ хъуПІэхэр нэсу къэгъэсэбэпыныр. Апхуэдэ лжьыгъэр кьызэгъэпэщыным и пІалъэ ящІэ икІи республикэм абы фІы кьыхудэкІуэу щытащ. А лэжьыгъэр зэтеухуэныр мыбдежым кьэрал Іуэхуу кьыщылъытапхъэщ, абы тэмэму бгъэдыхьапхъэщ. А лэжьэкІэм зи фейдэ хэлъ Іуэхущ1аПІэ псори а Іуэхум хуэзщІэгъэуІуэн икІи зэдегъэгупн хуейщ.

«КъБР-м и гъэмахуэ хъуПІэхэр фІыгъуэшхуэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу, ахэр нэсу кьэдгъэсэбэпакъым. Дэ тэмэму зетхьэн хуейщ гъэмахуэ хъуПІэхэр икІи абы фейдэуэ кьыпэкІуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми ифІ зыхэлъ: Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и унэтІыныгъэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщу кьагъэлъэгъуащ фІагъ лъагэ зиІэ, ерыскъы кьабзэ, гурыхь кьыщІэгъэкІыныр, ар зышхым сэбэп хуэхъун, цІыху псоми ар кьащхэхуфу щытын хуэдэу. Абы мыхьэнэ нэхъ мащІэкъым иІэр республикэм и Іэнатіэ щыпІэхэм зегъэужьынымкІи, абыхэм лэжьапІэ Іэнатіэ щІэхэр кьыщыззІухьнымкІи, цІыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ хъунымкІи.

Зэ1ущ1эм щхьэхуэу щыхэлпльащ Іэщыр хъуПІэхэм зэрыщащІыгъэпхъэ щыкІэм, ягъэхъуну нэхъыфІ лІэужьыгъуэхэм, абыхэм продукцэу кьыщалэжьыфынур зыхуэдизынкІэ хъуным, кьыщІагъэкІым елэжьынымрэ, щэным ехьэлІа Іуэхухэм, Іэщ гъэхъун Іэнатіэм иджырей технологиехэр кьыщыгъэсэбэпыным.

Зи гугъу ящІ Іуэхухэм теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Сыжажэ Хь. Л.**, КъБР-м щІымрэ мылъкумрэ я ІузхуэхэмкІ э и министр **Тэхъу А. Д.**, Шэрэдж, Бахъсэн щІыналъэхэм я администрацхэм я Іэтащхьэхэу **Муртазов Б. С.**, **Балъкъыз А. Хь.**, Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и управленэу КъБР-м щІыІэм и унафэщІ **Меркулов Д. Е.**, КъБР-м ВетеринариемкІэ и управленэм и Іэтащхьэ **Іэрэмысэ А. М.**, «Рассвет-Н», «Малка» Іуэхущ1аПІэхэм, мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм я унафэщІхэр.

Зэ1ущ1эр щиухым КІуэкІуэ Казбек фермерхэм, Іэщ1аГъэлІхэм, зи гъащІэр я лэжьыгъэ мытынышм езыпха дэтхэнэми фІыщІэ яхуищІащ икІи ехьэлІэныгъэхэр яІэну ехъэхъуащ. Щ1ынальэм и Іэтащхьэм Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр щІыгъэгугъащ гъэмахуэ хъуПІэхэм Іэщыр щыгъэхъуным хэлъ гулъытэ зэригъэтэнымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 220-рэ къыІэрыхьэнущ

УФ-м и Правительствэм щІыналъэхэм ятригугъэшэнущ сом мелардиихым щІигъу, псэупІэ ухуэн Іэнатіэм зегъэужьынымрэ инфраструктурэр егъэфІэкІуэнымрэ зэрыщІэнымкІэ программэхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну. Абы теуху унафэм Іэ щІидзащ Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил.

СУБСИДИЕХЭР хуаутІыпщынущ «Урысей Федерацэм щыпсэуэхэм псэупІэ зэпэщ ящІэнымрэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр тэмэму яхуэщІэнымрэ» къэрал программэм хыхьэу.

Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ хуабэ, псы зэрыкІуэ, псы фІейр кьызэрыІуащ бжьамийхэр дэлъхьэным, Іуэгуэхэр, сабий садхэмрэ школхэмрэ уХуэным. Апхуэдэ мурадхэм кьыхуагъэсэбэпынущ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуаутІыпщынущ сом мелуан 220-рэ хуэдиз

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 28, гъубж

♦Гъуэжь узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и PR-Іэщ1агъэлІым и махуэщ

♦1586 гъэм Европэм яп3 дыдэу кІэрІофІ къашащ. Колумбием къриящри, къэкІыгъэр Инджылызым кьишат Хэрриот Томас.

♦1697 гъэм Камчаткэ хыІтыгуныкъуэр зэрыщыІэр кьахутащ.

♦1713 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ Рижскэ губерниер.

♦1858 гъэм криминалистикэм яп3 дыдэу кьыщагъэсэбэпащ Іэпапіэхэр.

♦1914 гъэм Яп3 дунейпсо зауэм щІидзащ. Ар дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм - хэта къэралхэм, зи псэр щызыта, гуэзвэгъуэ хидза цІыхухэм я бжьыгъэкІэ - ящыщу кьалъытэ. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ а зауэм. 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м кьыщыщІэдзауэ 1918 гъэм щэкІуэгъуэм и 11 пщІондэ екІуэкІа а зауэм хэша хъуауэ щытащ а зэманым ирихьэлІэу дунейм кьэралу тета 59-м щыщу 38-р.

♦1928 гъэм Нидерландхэм я кьалащхьэ Амстердам кьыщыззІуахащ IX гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Зэхьэзэхуэхэм щІадзакІэт накъыгъэм и 1-м. Олимпиадэр зэхуащІыжащ щыщхьэуІум и 12-м.

♦1942 гъэм СССР-м зыхъумэжныгъэмкІэ и цІыхубэ комиссарым Іэ щІидзащ 227-нэ унафэм, «Зы лъэбакъуэкІи кьимыкІуэтын!» кьыхуеджэныгъэр щыуб3ыхуам.

♦1944 гъэм Белоруссие СССР-м щыщ Брест кьалэр советыдзэхэм фашист зэрыпхуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦1957 гъэм Москва кьалэм кьыщыззІуахащ щІалэгъуалэрэ студентхэрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Абы хэтащ къэрали 131-м кьикІа ныбжьыщІэ мин 34-рэ. «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр а фестивалым и лауреат хъуащ.

♦1958 гъэм Москва кьыщыз3ІуахащІ усакІуэ цІэрыІуэ Маяковский Владимир и фэеплъ.

♦1980 гъэм СССР-м и кьалащхьэм щыщІэ Ваганьковскъэм щыщІалъхьащ Высоцкий Владимир и хьэдэр. А нэщхъеягъуэм кьрихьэлІат щыкІуэ минхэр.

♦1984 гъэм Лос-Анджелес (США) кьалэм кьыщыззІуахащ XXIII Гъэмахуэ Олимп Джэгуэгэр. Абы хэтакъым Совет Союзымрэ абы и дарагъу къэралхэмрэ я спортсменхэр.

♦1992 гъэм Урысейм и МЧС-м и кьалъхьуакІуэкъегъэлакІуэ кьулыкъущІапІэр кьызэрагъэпэщащ

♦1995 гъэм Индием и Бомбей кьалэм и цІэр Мумбаи жиІэу зэрахъэкІащ.

♦Франджы драматург **Дюма Александр (къуэр)** кьызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Сириием щыпсэуэ жылагъуэ Іэнакьэ кьІуэ, Сорбоннэ дэт университет цІэрыІуэр кьэзыхуа, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Пащтыхьхэм я биІуэ шэрджэсхэм ирагъэкІуэкІа зауэхэр» лжьыгъэхэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа **Сэмгуэгу Іэмин** кьызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Швейцариием щыщ, хьыхэр джыныжмкІэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ **Пикар Жак** кьызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Басов Владимир** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макаровэ Иннэ** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей кинорежиссёр, драматург, актёр, тхакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Мережкэ Виктор** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Белотинская Марианнэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Белохвостиковэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Венесуэлэм и президенту щыта **Чавес Уго** кьызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, «ТЭФИ» саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Меньшовэ Юлие** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 29, бзэрэжьей

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ

♦Молдавием и Конституцэм и махуэщ

♦Румынием и лъэпкъ гимным и махуэщ

♦1696 гъэм урысыдзэхэм яубыдащ Іузэв тырку быдапІэр.

♦1836 гъэм Франджым и кьалащхьэ Париж и Вагъуэм и утыкум (иджы абы зэрехьэ Шарль де Голль и цІэр) кьыщызэІуахащ Триумфальная арка зыфІащащ ухуэнагъэ тельыджэр.

♦1914 гъэм VI Гъэмахуэ Олимп Джэгуэгэр зэрыщымыІэнум теухуа унафэ кьащтащ. Аэр Германием щызэхэтын хуеят, ауэ Яп3 дунейпсо зауэр кьызэрыхьеям и зэранкІэ зэпеуэжр ирагъэкІуэкІауэ щытакъым.

♦1936 гъэм СССР-м и Гъэзэщ1аКІуэ комитет нэхъыщхьэм кьыдигъэкІащ «Совет Союзым и Лыхъужь» цІэм теухуа положениэм и унафэр.

♦1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкІэ кьащтащ Суворовым и орденым и нагъыщищи, Кутузовым и орденым и нагъыщитІри, Невский Александр и орденыр.

♦1948 гъэм Инджылызым и кьалащхьэ Лондон кьыщызэІуахащ XIV Гъэмахуэ Олимп Джэгуэгэр. Аэр шыщхьэІуэм и 14-м зэхуащІыжащ.

♦1963 гъэм яп3у узгум ихьащ цІыхухэр кьызэрыраш3кІ Ту-134 кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэщІэр.

♦1974 гъэм, СССР-м Къэрал шынагъэншагъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Андропов Юрий и унафэкІэ, терроризмэмебэныным хуэгъэпса «Альфа» гупыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1990 гъэм Калинин кьалэм фІащыжащ нэхъапэм зэрихьа Тверь цІэр.

♦1997 гъэм адыгэ пхъурылъхъу, Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий Бен-Хъусен «Кабардинка» ансамблым зэхэтэм яІущІащ.

♦1981 гъэм зэхэтащ инджылыз пащтыхьыкъуэ Чарльз-рэ Спенсер Дианэрэ я хьэгъуэлІыгъуэр.

♦Дуней псом щыцІэрыІуэ сурэтыщІ **Айвазовский Иван** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Ованес Айвазянц**) кьызэралъхурэ илъэс 203-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнэрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Кадочников Павел** кьызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Абхъазым щыщ еджагъэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩДДАА-м и академик, Абхъазым щІэныгъэхэмкІэ и академием и президент **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, адыгэхэм я зэкъуэшэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩДДАА-м и академик, Абхъазым щІэныгъэхэмкІэ и академием и президент **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦АдыгэРеспубликэм щІыхь зиІэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Сириием щыщ дзэ кьулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, генерал-майор, СХьР-м и Адыгэ ФІыщІэхэ хасэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Къэбэрдей Аднан** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей композитор, уэрэджьыкІакІуэ, продюсер, УФ-м и цІыхубэ артист **Крутой Игорь** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УзэлъэІур щІагъуэ мэхъу.

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр дунейпсо хъыдэм къыщалъытэ нэхъ гущIэгъуншэ дыдэу, цIыху гъащIэ нэхъыбэ дыдэ зыихьауэ. Ди къэралым и щхьэхуитныгъэм щIэзэууэ абы хэкIуэда совет цIыхухэр мелуан бжыгъэ мэхъу. Ди республикэм икIаеу зауэм дэкIащ цIыхуитI мин 60-м щIигъу, абыхэм ящыщу мин 40-м щIигъур абы хэкIуэдащ е хъыбарыншэ хъуащ.

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ и Совет (иджы Шэрдэж) районым хыхьэ Зэрэгъыж щыпсэуэхэм ящыщу Іэщэ эныгъэрыфну зы цIыху баличъи къэнакъым Хэку зауэшхуэм дэмыкIыу. Абыхэм яхэтащ а жылэм щыпсэу Къардэн лъэпкъым щыщ цIыху 22-рэ. Къардэнхэ я щIалэ 13-м зауэшхуэм и губгъуэхэм я щхьэхэр щагъэтIылъащ е хъыбарыншэу кIуэдащ. Апхуэдэхэщ *Къардэнхэ Мудар и кIуэ СультIан, Уважькъуэ и кIуэхэу Мышэрэ Мухьадинрэ, МыштIыкъ и кIуэ Барэсбий, Чэмал и кIуэ Іэмин, Бэчмырзэ и кIуэ Сайдин, Мырзэбэч и кIуэ Хъэсин, Яхья* и къуэхэу *Хъэзрэтрэ Хъурунрэ, Цу и кIуэхэу Мухьамэтджэрий, Аслъэнджэрий, Хьажджэрий, Мэтджэрий* сымэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ мащIэ дыдэщ тщIэр Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи псэр зыта а ди къуэшхэм яIа дзэ къулыкъущIэхэм, кIыхьуагъэфащэ дамыгъэхэмрэ фIыщIэ тхыльхэмрэ ятеухуауэ. Абыхэм я нэхъыбапIэр зауэм и пэщIэдзэхэм абы хэкIуэдащ. ФигуктъэдгъэкIыжыщи, ди советыдзэхэм Москвэрэ Сталинградрэ деж екъулIэныгъэфIэкр кIыщадхьу я IыдэбыдУва нэхъыщ, ди зауэлIхэм цIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кIыфIащу е эрахьа лIыгъэхэм папщIэ дамыгъэ гуэрхэр ятеру щыхуэ жьар. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм ящыщ зыбжанэ Хэкум епцIыжауэ къалъытэу щыпIэ жьажьхэм ягъэIэпхуауэ зэрышыгъатами и зэран къыдэкIыщ къэбэрдейхэм, «джадылIэм здихьа бабыщым» ещхьу, Кавказым дыз эрыщыщкъудейм къыхэкIыу.

Зэрэгъыж жылэм щыщу зауэм дэкIа Къардэнхэм я щIалэ 9-рэ псэууэ къэкIуэжащ. Апхуэдэхэщ лейтенант нэхъыжь зэкъуэшхэу *ПыIтIу и кIуэхэу Хьэсэмбийрэ Бабийрэ, Уважькъуэ и кIуэ Назир, Іэсхьэд и кIуэ Мухьамэд, Бэчмырзэ и кIуэ Хьэбалэ, МыштIыкъ и кIуэ Къасым, Хьэнэф и кIуэхэу Хьэтурэ Назиррэ, Цу и кIуэ Залымджэрий* сымэ.

ПIытIу и къуэ хахуэхэр

Къардэн Хьэсэмбий 1920 гъэм Псыгуэнсу кIуэажэм кIыщалъхуащ. Унагъуэм я нэхъыжь ПIытIу бийм ІыкIуэ хъуат: абы пхъуищрэ (Баблинэ, ФыщIэ, ХьэкIуцэ) куиущрэ (Хьэсэмбий, Бабий, ЛъэстэмбИй) итт. Зэрэгъыж жылэщIэр 1927 гъэм япэу псэупIэ зыхуэхъуахэм ящыщащ ПIытIу и унагъуэшхуэр. КIуэажэщIэу тIысам къэIэпхуэхэм яхэтащ Къардэнхэ я унагъуи 8, цIыху 62-рэ ису.

ЩIалэхэм я нэхъыжь Хьэсэмбий 1939 гъэм дзэм ираджащ, къэралым кIулыкIу хуищIэну. Адыгэ щIалэр хэтащ а илъэсым СССР-мрэ Япониемрэ яку кIыхь дзэхъуэ зауэ зэпэщIэувэнигъэм. Ротэм и командир, лейтенант нэхъыжь Къардэнкор куэдым щапхъэ хуэхъуауэ хэльа лIыгъэмрэ кIигъэльэгъуэ хахуагъэмкIэ. Апхуэдэ дыдэу кIыкIуэт имыщIэу, и пэм кIыщыщIэдзауэ и кIэм нэс Хьэсэмбий хэтащ Хэку зауэшхуэм. Зэрихьа лIыгъэхэм папщIэ абы кIыхьагъэфащащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щыгъуэ, фIыщIэ тхыльхэр. Абыхэм ящыщщ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Японием дыззрыгъекIуам папщIэ», «Германием дыззрыгъекIуам папщIэ», «Берлин къыззращам папщIэ», «Зауэ зэфIэкIэм папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIалэхэм щыпсалъэм 1946 гъэм къыдэжа нэужь, Хьэсэмбий и къару куэд ирихьэлIащ бийм зэхихьуэ цIыхубэ хозяйствэр зэтетъэувэжьмыш. Я жылэм щызэхэта колхозым и председателу лэжьащ ар, гугъуехьхэм къапимыкIуэту, кIуэжаздэсхэм я псэукIэр егъэфIакIуэным гурэ псэкIэ хущIэкъуу. 1955 гъэм Хьэсэмбий машинэ зэхэзыхуэм хэкIуэдащ. ЗауэлI хахуэм, унафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и кIыхьэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и фэеплъыр яхьумэ абы кIыщIэна унагъуэм, и бынхэу Руслан, Леонид, Мухьэмэд, Ритэ сымэ.

ПIытIу и кIуэхэм я етIуанэ **Бабий** 1921 гъэм къалъхуащ. Хэку зауэшхуэм щыщIидзам щыгъуэ, Бабий дзэм кIулыкIу щищIэкIэт, Орел кIалэм дэт дзэ кIалэ щыкIуэм и инженер батальоным хэту. Зауэм и хъыбар къаззрыIэрыхьэу, дзэ гупыр Смоленск дежкIэ ядзащ, Москва кIыхьэкIуэ бий зэрыпхъуакIуэм пэщIэувэну. ЩыхьэрыпIебгъэрыкIуэ фашистыдзэр кIыхьэтрагъэувыIа нэужь, Бабий инженер курсхэм щрагъэджащ, иужькIэ КIуэкIыпIэ фронтым ягъэкIуащ ПаныммщIэх взводым и пашэу. Командир IэкIуэлъакIуэм и нэIэм щIэт зауэлIэхэм къызыхуэтыншэу ягъэзащIэрт дзэм и унафэщIэхэм пщэрыльэ къыщащI лэжьыгъэ псори: лъэмыжкэм лагъым щалъхьэрт, тIасхъэщIэхкэр зрикIуэну лъагъуэхэр «ягъэкабзэрт». Берлин нэсу бийр и гуэм изыкIыхьыжахэми яхэтащ Бабий.

Къардэн Мухьэмэд 1909 гъэм Псыгуэнсу кIуэажэм кIыщалъхуащ. Абы и адэ Іэсхьэдэ ящыщащ Зэрэгъыж куэажэщIэм япэу дэтIысхьаэм. Мухьэмэд зауэм и пэм къыщыщIидзауэ 1943 гъэм и дыгъэгъазэ пIащIэ фронтым Іутащ, бий бзаджэм хахуагъэ хэлъу пэщIэту. 1942 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хъуащ ар. Абы иужькIэ зэман кIыхькIэ зигъэхъужащ, Дагъыстэнми ягъэIэпхъуэ уIэгъэщым щIэлъу. НыкъудыкIуагъэ зыгъуэта щIалэр унэм къагъэкIуэжьну унафэ щыIами, зэрымыщIэкIэ етIуанэу дзэм ираджэжащ икIи иджыри илъэсым щIигъкIэ фронтым Іутащ, бийр зэхэкIытэным зэфIэкIрэ къарууэ иIэр ирихьэлIэу. 346-нэ фочауэ дивизэм хэту абы нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм щихъумащ Кавказ щыналъэр. Ипщэ фронтым щекIуэкI ззэауэ гуащIэхэм яяхьхэм Мухьэмэд аргуэру уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ; гъунэгъу къыщыуа лагъымым къиIэта щыгуГъым щихъумащ, и щхьэм сэкъат игуэтащ, и тхьэкIумэхэм зэхамыхьжи хъуащ. Зэхэуэхэр зэтеухьа нэужь, уIэгъэхэмрэ яуклахэмрэ ззщIащыпхэжьну губгъуэм ихьа санитар бзылъхугъэ щыкIухэм ящыщ зым гу лъитауэ щытащ ятIэ гупIым къыхэщ шинель кIапэм. Ар къитIащIри, санитарым къигъэтыжауэ щытащ зи псэр иджыри Іут зауэлIр. ИужькIэ Мухьэмэд куэдрэ щIегъуэжащ, псэзэпыльхьэпIэм къизыха бзылъхугъэ щыкIум и цIэмкIэ зэремыпущIам щхьэкIэ.

УIэгъэщым аргуэру щIэлъри, Мухьэмэд кулыкIуэм пищащ Лениншкан къалэм щыIэ лъэсыдзэм хэту. Зауэм щызэрихьа лIыгъэхэм къыпэкIуэу Мухьэмэд къратащ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Зауэ зэфIэкIэхэм папщIэ», «Германием дыззрытекIуам папщIэ» медалхэр, щытхъу, фIыщIэ тхыльхэр. ЗауэлI хахуэу фронтым Іутар и Іэ зэтелъу тIысыжакъым, унэм къаIэкIуэжа нэужь. Ар пхъашIэ Іэззу жылэм дэсащ, абы щызэхэт хозяйствэм, унагъуэ щхьэхуэм сэбэпышхуэ яхухэкIуэ.

1996 гъэм Мухьэмэд дунейм ехьажащ. Абы къыщIэнащ бын къарзынэхэр: щIалэхэу Аслъэмбий, Аскэрбий, Мусэрбий, Мухъэтарбий, Іэулэдин, хъыджэбзхэу Майерэ Мерэрэ. ЗауэлI хахуэр щыпсэуа унэм кIэрыпIащ щIыхь пхъэбгъу, Мухьэмэд Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам щыхьэт хохэйствэм, унагъуэ щхьэхуэм сэбэпышхуэ яхухэкIуэ.

ЛIыхъужьыгъэ ин

Къардэн Хьэбалэ лIыгъэ хэльу нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм езэуащ, и къаруи гъащIи щыIмысхьу. Абы и къуэш нэхъыжь Сайдини фронтым ираджащ, Хэку зауэшхуэм и пэщIдзэ дыдэм. Куэд дэмыкIыу унагъуэм тхылъ къахуэхIуащ ар хъыбарыншэу зэрыкIуэдар иту. Адэ-анэм плъапIэрэ гугъапIэу яIэкащ Хьэбалэ Іэзэуэт, ахэр жащи махуи Тхьэшхуэм елъэIурт, я бынир ажалым цихъумэну.

Апхуэдэуи хъуащ. УIэгъэ мыхъуу Хьэбалэ зэпичащ зауэ гъуэгуанэ кIыхь, бгырыс цIыхухъум зэрихабзэу, бэшэчагъэ шыIэныгъэкIэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ зауэлI куэдым щапхъэ яхуэхьуу. Дэфтэрхэм къыззрыхущыкIыж, Хьэбалэ ягъэпэгъуат «Совет Союзым и ПIыхъыжь» цIэр зратынхэми яхэту, арщхьэкIэ...

1944 гъэм и бжьыхьэм советыдзэхэр Германием и къэрал гъунапкIэхэм зэпрыкIри, зауэм абы щыпащащ. Бийм и щIалэлъэм щекIуэкI ззэауэ гуащIэхэм хэту, Хьэбалэ зыхэт гупыр къуэхъуреиныгъэм ихуащ икIи гъэру яубыдащ. 1945 гъэм и мэлыжьыхьым советыдзэхэмрэ америкэдзэхэмрэ Эльбэ псым деж щызэхуэза нэужь, Къардэнмир яхэтащ американецхэм хуит къащIыжахэм, арщхьэкIэ ди дзэхэм къаззрыихьажу, гъэрпIэм исахэм «къэралым и епцIыжкIуэ» фIащри, тутнакъэщым ирагъэтIысхьащ, тезыру илъэси 10 тралъхьэри. Зи щхьэхуитныгъэм щIэзэуэ къэралым къыхуэгъэува пIалъэ тIкIийр и кIэм нэс ирихьэкIащ Къардэным. Хуит хъужу щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжа нэужь, зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIащ Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэхэри бгъэдэлъа хахуагъэри къэзымылъытА къэралыр егъэфIэкIуэным.

Унагъуэ дахи ихуэжат Хьэбалэ. Зэщхьэгъуэсхэм къащIэхъуащ къуиплIрэ пхъуитIрэ: Къанщобий, Барэсбий, Алёшэ, Іэдэм, ФатIимэ, Мариноу сымэ. ГугъуехькуэдИ бэлыхь мымащIи ГъащIэм щызышэча Хьэбалэ жьыщхьэ махуэ хъужауэ псэуащ, хей ящIыжу къуаншагъэр щхьэщахьжа нэужь. Зэрэгъыж дэса ветеранхэм ящыщу иужьрейт Хьэбалэ. ЗауэлI хахуэм, адэм, адэшхуэм и фэеплъыр ящыгъупщэркъым бынхэми абыхэм къащIэтэджа щIэблэмэ.

Берлин нэсыхукIэ

Къардэн Къасым хуэдэу зи автомашинэ иху 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм дэкIыу ар дыдэм ису 1945 гъэм къэзыгъэззэжа куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Зэрэгъыж къыщыщIэдзауэ Берлин нэсащ зи гугъу тщIы, «полуторка»-кIэ зэджэу щыта хьэлъэзешэ машинэр. ИужькIи куэдрэ колхоз губгъуэхэм итащ, езы Къасым дзэу.

Хэкуэзауэшхуэркъызэрыхъейуэ фронтым ираджахэм, къэралым и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи ГъащIэр зытахэм ящыщащ Къасым и къуэш нэхъыжь Барэсбий. И шынэхъыжьыр зэрыдашрэ куэд дэмыкIыу, дзэм ираджащ 1912 гъэм Псыгуэнсу къыщалъхуа Къасыми. Гвардием и сержант нэхъыжь Къардэным и машинэ шэрхъыр зауэшхуэм и илъэсхэм щIыналъэ куэдым щыджэрззащ. ЗауэлIэм Іутхэм шэхэр, лагъымхэр, ерыскъы яхуIушэнырат Къасым и къалэн нэхъыщхьэр. А пщэрыльыр абы игъэззащIэн хуейт дапщэщи: уэшх къеШхми, уэс къесми, дыгъэ пэзаэз уафэгъэ щитми, пшагъуэ Іувым щIыльэр щиуфэбгъуами. Тхьэм фIыщэ къиIэгъуа, «джанэ щIагъуэ къалъхуа» адыгэ щIалэм хуэзэфIэкIащ а къалэн мытынашэр къызыхуIэ тынышэу, ныкъуанагъэншэу икIи и чэзум сыт щыгъуи игъэззэщIэн. Куэдрэ къэхъурт биишэ къытелъалъэм зыпыIуидзурэ зэуалIэм щынэс. ЗауэлIхэм ерыскъы щахуишэкIи апхуэдэ дыдэт: дыгъуасэ зыщагъэбыда щIыпIэм нобэ ахэр щыщымыгъуэтыжи щыIэт, арщхьэкIэ щIалэр губгъэм, нафдзэм бгъдэсыпIэм хуэзфIэкIырт ди дзэхэр щитIысыкIа щыпIэщIэр къигъуэтын. Зыхэт дзэм я гъусэу, и «полуторка»-м ису Къасым нэсащ Германием, дыхьащ абы щыхьэр Берлин. ТекIуэныгъэ иныр цIыхубэм къахуэзэныкъэхэм ящIыгъуу щалъхуа щIыналъэм къигъэззэжащ. Хэку зауэшхуэм щхьэмыгъазэу хэта Къардэным бгъэдэлъа зэфIэкIкIэм къыпэкIуащ, къэрал дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр, Жуковым и цIэкIэ ягъэува орденыр, «Хахуэгъэм папщIэ», «Германием дыззрытекIуам папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», «Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ» медалхэр.

Зауэ нэужьми Къасым хьэлэлу хуэлэжьащ къэралым. Абы къыуагъэфащэ гуащIэдэкI дамыгъэхэмрэ щыгъуэ, фIыщIэ тхыльхэмрэ абы и щыхьэтщ. Адэм и фIыщIэкIэ, абы щыкIуэдакъым Залымджэрий, и псэр, гъащIэр яхуихъумащ щалъхуа лъапсэм къыщежьэ, дунеягъэм щалэ гугъапIэ псори а зы псэ закъуэм езыпхъуэ ильэсхэр езыхьэкI адэанэм.

Хей щыIыжу ди щIыналъэм къэкIуэжа нэужь, Залымджэрий хьэлэлу хуэлэжащ къэралым, Псыгуэнсу къуажэм Іэпхъуэжьри, абы щызэхэт колхозми щылэжьащ, пщIэ иIэу. Зауэм, лэжьыгъэм я ветеран Залымджэрий унагъуэ дахэ иухуат, щалащи къыщIэхъуат: Аслъэмбий, Льэстэмбий, Заурбий. НэхъыщIэр иджыри щыкIуу дунейм ехьажащ. Адрей щалитIыр унагъуэ дахэ хуэжащ, щIэблэ уэзыщи къащIэуваУэ Псыгуэнсу дзэущ, я адэм, адэшхуэ хахуэм и фэеплъыр яхъумэу.

Зи ГъащIэр щIэблэм я щапхъэ Къардэн зэшэм я нэхъыбапIэм я сурэтхэр фIэлъщ Зэрэгъыж дзт курыт школым и тхыдэ музейм. Фэеплъ планэзэм увыпIэ щагъуэтын хуейщ музейм зи дафтэрэхэр щIэмыгъэкIа Залымджэрий-рэ Хьэтурэ. Ар ягъэзэкIуэжыну дащогуфъ а зауэлI хахуэхэм къащIэна щIэблэхэм.

Цыху псэ къабзэм, зэчиифIэм и фееплъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ягу илынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ.

ГЕРГОКОВЭ Тамарэ Хьэрун и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. 2020 гъэм бадзэуэгъэм и 26-м и ныбжьыр илъэс 82-м иту дунейм ехьажащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Гергоковэ (Созаевэ) Тамарэ Хьэрун и пхъур.

Тамарэ Ленинград консерваториер кIыихат уэрэджэкIаКIуэ Іэщ Іагъэгъэ иIэу. Еджапlэ нэужьми илъэс куэдкIэ ар щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къарал филармонием и уэрэджэкIаКIуэ пажэу, балъкъэр лъэпкъ макъамэ щэнхабзэм и псыпэр эзэшэжьахэми ящыщщ. Абы бгъэдэлъ зэчиим пщIэ хуэзэщIэкъэм занщIэу къащIыхуат, фIыуи ялъагъурт и макъ дахэр. Тамарэ и уэрэд жьIэкIэм, ахэр Іэзэу зэригъэзащIэм я фIыгъэкIэ щIэрыIуэ хъуащ, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и композитор куэдым я Іэдакъэщ Іэкlэхэр, апхуэдэуи ящыгъупщэжа макъамэхэр цIыхубэм къахихьэжау нобэми жаIэ.

Тамарэ и Іэзэгъэмкlэ адэгущыэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмрэ гъуаздэжкIэ и училищэм щеджэхэм. ЩIалэгъуалэр абы хуиГъасэрт уэрэд жыIэным. Абы и нэIэ эытета куэдым иужькIэ щIыхьэр ящIэ къалэжащ.

Тамарэ Хьэрун и пхъум и ГъащIэр тыхь хуищIащ фIыуэ илъагъу Іэхум икIи лъэпкъ щэнхабзэм къыпхуэмылъытэным хуэдиз хэлъхьэныгъэ хуищIащ.

Цыху псэ къабзэм, зэчиифIэм и фееплъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ягу илынщ.

Къ.Р-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ.

● Зэпеуэхэр

ЩIалэгъуалэм я жэрдэмхэр даIыгъ

Ди къэралым и щIыналъэ куэдым хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми жыжьрей зэманым хуэбжьу зыщIиужьащ волонтёр зэщIэхъеенныгъэм. Жыджэрагъашхуэ зыхэлъ щIалэгъуалэ я гулъытэ куэдым лъэIэс, цIыху щхьэхуэ жьыпIэми, Іэхъугъуэ гуэру щытми, къэхъукъащIэ хъуми. Зи щIалэгъуэхэм яхэлъ щIалэгъуалэ жыджэрагъым нэхъри зегъэужьыным, абыхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэм я нэхъыфIэхэр гъащIэм хэпщэным хуэдиз къэхъуащ «Урысейм и добровольец-2020» къэралпсо зэпеуэр.

ІыкIыБэ зыбжанэу зэщхьэщыхуэу екIуэкI зэхьэзэхуэм хэтщ я ныбжьым елъытауэ гупитIу гуэша щалэгъуалэ минихэр, Япэ гупым хохьэ илъэс 14 - 17 хъу ныбжьыщIэхэр, етIуанэм хэтщ илъэс 18 хъу абы зи ныбжьыр фIэкIа щалэгъуалэр. Хэкум и социальнэ зыужьынигъэм хуэгъэпсауэ абыхэм къыхалъхьа жэрдэмхэр куэд нахъыжьыбжэм щыпхьащ, щыпIэхэм, щыналъэхэм, иджыблагъэ зэфIэкIакIэщ зэпеуэм и финалым и IыхьэплIанэр. ЯгъэбелджьылакIэщ абы и Іыхьэ ныкъым нэсащ.

«Урысейм и добровольец-2020» зэпеуэм хэтащ ди республикэм и щIалэгъуалэри икIи финал ныкъуэм нэса ныбжьыщIэхэм яхэхуащ. Псори зэхэту иужьрей Іыхьэ ныкъуэм хэтынущ цIыху 1557-м я проект Іэжьыгъэхэр. Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм щыщу абы нэсащ ныбжьыщIэ 57-рэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм ис зи щIалэгъуэхэм ягъэхьэзыра проект 12-р нэхъыфIу къалъытахэм яхэхуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми хуагъэуващ, зыхэт гупым елъытауэ, балл 65-рэ, 71-рэ нэхъ нэхъ мынэхъ мащIэ.

Зэпеуэм щытекIуэхэм я проектхэр ирагъэгъэззэщIэну къратынущ сом мелуаным нэс саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр.

Ди лъахэгъу щIалэгъуалэ жыджэрэхэм дохъуэхъу къэралпсо зэпеуэм и иужьрей Іыхьэхэми щытекIуэу я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къайхъулIэну.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Япэ итахэр

Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсхэр

Къардэн Хьэсэмбий ПIытIу и къуэр

Къардэн Бабий ПIытIу и къуэр

Къардэн Назир Уважькъуэ и къуэр

Къардэн Мухьэмэд Іэсхьэд и къуэр

Къардэн Хьэбалэ Бэчмырзэ и къуэр

Абы къыхуагъэфащащ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Москва зэрахъумам папщIэ», «Белоруссиер хуит къызэращIыжам папщIэ», «Германием дыззрытекIуам папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэри.

Зауэр иуха нэужь, иджыри илъэси 8-кIэ Белоруссием къулыкъу щищIащ Бабий, а щIыналъэм и мэзхэр, губгъуэхэр лагъымхэм щагъэхъабзэу. ИужькIэ щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ, и щхьэгъусэ Верховская Валентинэ Александр и пхъур, и къуэхэу Анатолийрэ Владимиррэ и гъусэу. Унагъуэм иужькIэ къахэхъуащ Сергей зыбгъаща щIалэ. Зэщхьэгъусэхэр япэщIыкIэ Налшык, иужькIэ Тырныауз щыпсэуащ. Бабий «Молибден» рудникым щылэжьащ электровозым дэсу, къырур лагъымкIэ зыкъытэжкэм яхэту. И ныбжьыр илъэс 50 ирихьуа къудейуэ арат, уэ хьэлъэ кьеуалIэу Бабий дуейм щекIыжам щыгъуэ.

Бабий и гугъу пщIыуэ къэбгъанэ хъунукъым абы и щхьэгъусэ Валентинэ. А белорус бзылъхугъэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм партизан гупым хэтащ, и зэфIэкIхэм дамыгъэ лъапIэ куэд къыпэкIуащ. Зыхэуа Къардэн лъэпкъым пщIэрэ нэмысрэ щыIэзэнигъэуэта Валентинэ гуауэ куэд илъэгъуащ; и щхьэгъусэфIым куэдрэ кIэлыпсеуэкъым абыхэм я къуэхэр. Аеэр зэкIэлъхьэжьу дунейм ехьажащ. ГъащIэ кIыхькIэ Тхьэр зыхуэупса Валентинэ илъэс 90 хъуху псэуащ. Абы и гъащIэр хуагъэдзхащ и къуэрылъху Іэфхэм. Я адэшхуэ-анэшхуэ хахуэхэм я фэеплъхэр сакъыу ноби яхьумэ абыхэм.

Къикlуэт зымыщIэ Назир

Къардэн Назир 1923 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. ЩIалэщIэр фронтым Іухьащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэхэм ящыщу нэхъ гугъуу щытауэ къалъытэ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Бийр ерыщу лъэныкъуэ псомкIи къыщыдэбгъэрыкIуэртри, ди советыдзэхэм хэщIынигъэшхуэ ягъэзытрт. Адыгэ щIалэр фашистхэм япэщIэуващ, къикIуэт имыщIэу. Ар яхэтащ Кавказ щIыналъэр бийм щызыхъумахэм. 347-нэ фочауэ дивизэм и IасхъэщIэх гупым хэту зауэу, Тэн Іуфэм нэсащ Назир. Абдеж щекIуэкIа ззэауэ гуащIэхэм ящыщ зым ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ, уIэгъэщым щIэлъа нэужьи унэм къагъэкIуэжащ. ИужькIэ игу къигъэкIыжу зэрыщытамкIэ, Тэн деж щекIуэкIа ззэауэм лIыгъэ къаГъэлъэгъуэу хэтащ ди пхъэхэгъу щIалэхэу Аушыджэр щыщ КъалакIуэ Исмэхьил, Зэрэгъыж щыщ Къуэн Хьэжсуф, Псыгуэнсу икIа Бозий Хьэсэн, Уэзрэдж щыщ Къумахуэ Сулеймэн, Каменномост щыщ Хьэмыз Іэмырхэн сымэ.

Ныкъуэдыкъуагъэ игъуэтами, Назир зыхьыхьэжа унагъуэм и дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт я къуэ нэхъыщIэр псэууэ лъапIэ зыхуэзэрихьэжар. Зауэ гущIэгъуншэм ихьакIэт абы и къуэшхуэ Мышэрэ Мухьадинрэ я гъащIэр.

Зауэ нэужьым Назир щылэжьащ Зэрэгъыж дзт пощтым и унафэщIу, иужькIэ Налшык къэIэпхъэгъэ, «Искож» комбинатым щыIащ. Назир и фэеплъ нэхум хуэфащагъэ мэпсэу абы къыщIэна и бынэу Мухьадин, Станислав, Ларисэ, Лерэ сымэ, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэ дахэр.

Шинель кIапэм и фIыгъэкIэ

Къардэн Мухьэмэд Іэзэ хэльу нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм ззэауащ, и къаруи гъащIи щыIмысхьу. Абы и къуэш нэхъыжь Сайдини фронтым ираджащ, Хэку зауэшхуэм и пэщIдзэ дыдэм. Куэд дэмыкIыу унагъуэм тхылъ къахуэхIуащ ар хъыбарыншэу зэрыкIуэдар иту. Адэ-анэм плъапIэрэ гугъапIэу яIэкащ Хьэбалэ Іэзэуэт, ахэр жащи махуи Тхьэшхуэм елъэIурт, я бынир ажалым цихъумэну.

Апхуэдэуи хъуащ. УIэгъэ мыхъуу Хьэбалэ зэпичащ зауэ гъуэгуанэ кIыхь, бгырыс цIыхухъум зэрихабзэу, бэшэчагъэ шыIэныгъэкIэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ зауэлI куэдым щапхъэ яхуэхьуу. Дэфтэрхэм къыззрыхущыкIыж, Хьэбалэ ягъэпэгъуат «Совет Союзым и ПIыхъыжь» цIэр зратынхэми яхэту, арщхьэкIэ...

1944 гъэм и бжьыхьэм советыдзэхэр Германием и къэрал гъунапкIэхэм зэпрыкIри, зауэм абы щыпащащ. Бийм и щIыналъэм щекIуэкI ззэауэ гуащIэхэм хэту, Хьэбалэ зыхэт гупыр къуэхъуреиныгъэм ихуащ икIи гъэру яубыдащ. 1945 гъэм и мэлыжьыхьым советыдзэхэмрэ америкэдзэхэмрэ Эльбэ псым деж щызэхуэза нэужь, Къардэнмир яхэтащ американецхэм хуит къащIыжахэм, арщхьэкIэ ди дзэхэм къаззрыихьажу, гъэрпIэм исахэм «къэралым и епцIыжкIуэ» фIащри, тутнакъэщым ирагъэтIысхьащ, тезыру илъэси 10 тралъхьэри. Зи щхьэхуитныгъэм щIэзэуэ къэралым къыхуэгъэува пIалъэ тIкIийр и кIэм нэс ирихьэкIащ Къардэным. Хуит хъужу щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжа нэужь, зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIащ Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэхэри бгъэдэлъа хахуагъэри къэзымылъытА къэралыр егъэфIэкIуэным.

Унагъуэ дахи ихуэжат Хьэбалэ. Зэщхьэгъусэхэм къащIэхъуащ къуиплIрэ пхъуитIрэ: Къанщобий, Барэсбий, Алёшэ, Іэдэм, ФатIимэ, Мариноу сымэ. ГугъуехькуэдИ бэлыхь мымащIи ГъащIэм щызышэча Хьэбалэ жьыщхьэ махуэ хъужауэ псэуащ, хей ящIыжу къуаншагъэр щхьэщахьжа нэужь. Зэрэгъыж дэса ветеранхэм ящыщу иужьрейт Хьэбалэ. ЗауэлI хахуэм, адэм, адэшхуэм и фэеплъыр ящыгъупщэркъым бынхэми абыхэм къащIэтэджа щIэблэмэ.

Берлин нэсыхукIэ

Къардэн Къасым хуэдэу зи автомашинэ иху 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм дэкIыу ар дыдэм ису 1945 гъэм къэзыгъэззэжа куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Зэрэгъыж къыщыщIэдзауэ Берлин нэсащ зи гугъу тщIы, «полуторка»-кIэ зэджэу щыта хьэлъэзешэ машинэр. ИужькIи куэдрэ колхоз губгъуэхэм итащ, езы Къасым дзэу.

Хэкуэзауэшхуэркъызэрыхъейуэ фронтым ираджахэм, къэралым и щхьэхуитныгъэм папщIэ зи ГъащIэр зытахэм ящыщащ Къасым и къуэш нэхъыжь Барэсбий. И шынэхъыжьыр зэрыдашрэ куэд дэмыкIыу, дзэм ираджащ 1912 гъэм Псыгуэнсу къыщалъхуа Къасыми. Гвардием и сержант нэхъыжь Къардэным и машинэ шэрхъыр зауэшхуэм и илъэсхэм щIыналъэ куэдым щыджэрззащ. ЗауэлIэм Іутхэм шэхэр, лагъымхэр, ерыскъы яхуIушэнырат Къасым и къалэн нэхъыщхьэр. А пщэрыльыр абы игъэззащIэн хуейт дапщэщи: уэшх къеШхми, уэс къесми, дыгъэ пэзаэз уафэгъэ щитми, пшагъуэ Іувым щIыльэр щиуфэбгъуами. Тхьэм фIыщэ къиIэгъуа, «джанэ щIагъуэ къалъхуа» адыгэ щIалэм хуэзэфIэкIащ а къалэн мытынашэр къызыхуIэ тынышэу, ныкъуанагъэншэу икIи и чэзум сыт щыгъуи игъэззэщIэн. Куэдрэ къэхъурт биишэ къытелъалъэм зыпыIуидзурэ зэуалIэм щынэс. ЗауэлIхэм ерыскъы щахуишэкIи апхуэдэ дыдэт: дыгъуасэ зыщагъэбыда щIыпIэм нобэ ахэр щыщымыгъуэтыжи щыIэт, арщхьэкIэ щIалэр губгъэм, нафдзэм бгъдэсыпIэм хуэзфIэкIырт ди дзэхэр щитIысыкIа щыпIэщIэр къигъуэтын. Зыхэт дзэм я гъусэу, и «полуторка»-м ису Къасым нэсащ Германием, дыхьащ абы щыхьэр Берлин. ТекIуэныгъэ иныр цIыхубэм къахуэзэныкъэхэм ящIыгъуу щалъхуа щIыналъэм къигъэззэжащ. Хэку зауэшхуэм щхьэмыгъазэу хэта Къардэным бгъэдэлъа зэфIэкIкIэм къыпэкIуащ, къэрал дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр, Жуковым и цIэкIэ ягъэува орденыр, «Хахуэгъэм папщIэ», «Германием дыззрытекIуам папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», «Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ» медалхэр.

Зауэ н

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ

Гъэр и кIэм ноблэгъэ

● Уаз

Мусlъымэн махуэрыбжэмкIэ мухьэрэм мазэр илъэсым и япэ мазэщ (илъэсыщIэр къохь). Ар Алыхьым нэхъ лъапIэ дыдэу къигъэщIа мазиплIым ящыщ зыщ. Абы теухуауэ КъурJэн лъапIэм къыщыкIуащ Iэятхэр, хьэдисхэри щыIэщ.

Зи мылъкум сэджыт хэзымытыкIахэм папщIэ

Мусlъымэн махуэрыбжэмкIэ къэплъытэмэ, гъэр и кIэм зэрынэблагъам ипкъ иткIэ, фигу къыдогъэкIыж зи мылъкум сэджыт хэзымытыкIахэм а къалэныр зэрагъэзэщIапхъэр. Сэджытыр Алыхьым къуиттрилъхьа къалэнитхум ящыщщ. КъурJэным къыщыкIуащ: «Уа, Иман къэзыхьахI Дэ фэтта мылъкум сэджытыр хэвгъэкI, благъи, ныбжьэгъуи, къуифщхьэщыжыни щымыгъуэтыжыну махуэр (Къемэт махуэращ зи гугъу ищIыр) къэмыс щыкIэ!». Сэджытым екъэлIауэ КъурJэн лъапIэм къыщыкIуащ Iэят 30-м щIигъу.

Сэджыт ептыну яхуэфащэщ тхьэмыщкIэхэм, хуэныкъуэхэм, сэджытыр къыхэхьныжрэ ар зыхуэфащэм Iэрыгъэхьэжныжрэ телажьэхэм, нэгъуэщI диным къикIыу ислъам диным къихьахэм (абыхэм я Иманыр иджыри иримыкъпауэ щытмэ, абыхэм сэджыт яхуэхьапхъэщ, ягъри фы щыIупхъэщ), щыхуэ зытелъхэм (ар Алыхьым игъэхьэрэма IэхуэгъуэкIэ къамыщтамэ), къащэхужу щхьэхуит къащIыжа пщылпхэм, щIыпIэ жьажьэ щыIэхэм, ар езым и щIыпIэм щыкъулейми щыкъулейсызми, абы емылъытауэ (абы ар Тхъэм и гъуэгум тету щытмэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Тхьэм хуэжьIэщIэмэ).

Сэджытыр хагъэкI дыщэм, дыжьыным, ахъшэм, Iэщым, гъавэм.

Фирхьэун бзаджащIэм и гъащIэм щыщ пычыгъуэхэр

Фирхьэун дунейм къызэрытехьар

БзаджащIэм и гъащIэм сытетхыхьан ипэ къихуэу фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ ахъэр зэманым (дунейр щыкъутэжынум) и нэщэнэхэм ящыщу зы: КъурJэн лъапIэмрэ хьэдисымрэ къызэрыщыкIуащи, псэущхьэхэр къэпсэлъэнущ дуней къутэжыгъуэр къыщыбгъэгъэм и деж. Абы и щыхьэтщ мы хъыбарри:

Мысырым щыпсэурт илъэси 170-рэ зи ныбжь, бын зимыIэ Iэхъуэ лIыжьыр. Абы и цIэр Мусхьэбт. Зы махуэ гуэрым абы илъэгъуащ губгъуэм щыхъуакIуэ, шкIащIэ цIыкIу зи гъусэ жэмыр. Мусхьэб хуабжьу абы екъуэпсат икIи ефыгъуат. Алыхь Iэмырти, жэмыр кэпсалъэри (псэущхьэхэр зэрыпсэлъэнур нэщэнэхъуэхэм ящыщщ), кIыжрIащ Мусхьэб щIалэ къыщIэрыхуалъхунур, адэкIи къыпищащ а щIалэр жыхьэнмэ Iыхьлыуэ зэрыщытынур.

Ныбэм илъ сабийр къалъхур ипэ къихуэу, Мусхьэб дунейм ехыжащ. Сабийр къалъхури, Уэлид фIащащ. ЩIалэ цIыкIур анэм иплIрэ, балигъыпIэ иува нэужь, пхъащIэм иритащ IэщIагъэ иригъэгъуэтын папщIэ. Арщхьэкlэ, а Iэщlагъэр къуэм игу ирихьакъым. Ар ахъшэкIэ джэгу хъуащ. Апхуэдэ Iэхъуэгъуэхэр Алыхьым игъэхьэрэмами, абы ахэр къыфIэIуэхутэкъым, анэр игъэпсэлъэхкэртэкъым. «Сэ сызэрыхуей дыдэм хуэдэущ сызэрыпсэунур», - жиIэрти, и щхьэм къихьэм фIэкIа имыщIэурэ, гъуэгу мыгъуэм теуващ. Ахъшэ фIахьыхукIэ унэм щIэлыр щIихьурэ ищэрт. Унэм щIихьи щимыгъуэтыжым, езым щыгъэ щыгъын нэгъунэ ищэн хуей хъущ. Мис итIанэ Фирхьэун цIэмкIэ къеджэ хъуащ, уеблэмэ, и цIэ дыдэр цIыхухэм ящыгъупщэжащ. Тутнакъэщым щисым ису, адрейм мыхъумыщIагъэ илэжьу апхуэдэут абы и гъащIэр зэрекIуэкIыр.

Фирхьэун адэ къыхуэхъуар

Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ лIыжьым Iэщlэкlа и шыр къыхуэмыуфыдыжу къриухуэкIыу щилъагъуэм, Фирхьэун шыр къиубыдыжри, лIыжьым хуишэжат. Ар дадэм хуабжьу гуапэ щыхъуащ, икIи жриIащ: «Сэ мылъкушхуэ зыгъэдэлъщ, дунейм сехыжмэ, си мылъкур къызыхуэзгъэнэн быни сиIэкъым. Сэ гурэ псэкIэ сыарэзыуэ бын узощI». Фирхьэун бзаджащIэр (ар абы ицIыхуртэкъым) бын ищIри, зришэлIэжащ лIыжьым. Абы иужькIэ лIыжьыр куэдрэ псэужакъым, мылъкушхуэр Фирхьэун къыхуэнащ. Арщхьэкlэ, ахъшэкIэ джэгуным дихьха щIалэм щIэинир куэдрэ хуирикъуакъым.

Фирхьэун тепщэгъуэр зэрызыIэригъэхьар

Мылъкур щиухым, Фирхьэун къигупсысащ нэгъуэщI хэкIыпIэ тынш: ккъэм щIалъхьэну дахам щхьэкIэ налог хихыу щIидзащ, икIи ар щым и унафэру жиIэурэ пцIы иупсыр. Ауэ а пцIыр къыщIэщащ пщым и пхъур щылIам щыгъуэ. А махуэращ пщым къыщищIар лIам щхьэкIэ налог зэрыхахыр. Лейзехьэр яуклыну пщым унафэ щищIым, Фирхьэун гужьейри, мылъкуу зэхуихьэсар пщым хуригъэхьащ. Ар щилъагъум, къэнэпсэфри, пщым и губжьыр щхьэщIкIащ, уеблэмэ, Фирхьэун и блыгуащIэт ищIащ.

Пщым и пщIыхьэпIэр

Зы жэщ гуэрым пщым пщIыхьэпIэ шынагъуэ ильэгъуащ. ПщIыхьэпIэм и мыхьэнэр къаригъэIуэтэн мурадкIэ абы фIыуэ хэзыщIыкIэм я деж кIуэну гъуэгу техьащ. Фирхьэун къыщIуущIэм, щIэупщIащ «дэнэ уежьа?» - жиIэри. Iэхъур зыIутыр пщым Фирхьэуным хуиIуэтащ. Фирхьэун псалъэ дахэ защIэкIэ пщыр чэщанэм щIидзри, и щхьэр пинущIащ. Мис апхуэдэу пщым и тахьтэм Фирхьэун итIысхьащ, тепщэгъуэр зыIэщIилъхьащ.

А махуэм щыщIидзэри, дунейм екъужьхуу Фирхьэун жиIащ: «Сэращ Алыхьыр, сэращ щхьэщэ зыхуэфащIынур». Псом япэу абы щхьэщэ хуэзэщIар Iиблисщ. Фирхьэун и блыгущIэтхэри, и хъуманкIуэхэри, Iэзэ-гъуэзэхэри абы хуэпящылIырт, псоми абы щхьэщэ хуащIырт. А зэманым Iисраили и быным куэд яхэтт Алыхьымкlэ фIэщхъуныгъэ щыпхъэ ябгъэдэлъу, Тхьэ закъуэм хуэпащылIу. Алыхьым и гъуэгум тетхэм леишхэу ярихьу хуежьащ Фирхьэун бзаджащIэр. Ауэ абы ищIэрэхъым ар зытекIуэдэжыну лIыкIуэ лъапIэр Алыхьым къызэригъэкIуэнур.

Фирхьэун бзаджащIэм и пщIыхьэпIэр

Дызэрыщыгъуэзэщи, Фирхьэун Алыхьым и бийуэ щытащ. «Сэращ Алыхьыр» жызыIэу щытахэм ящыщ зыщ ар.

Зэгуэрым ар жейуэ здэщылIым, макъ тепльыдж гуэр зэхихащ: «Iисраили и быным щIэблэ къьхэхъуащ. Абы зыIэщилIэхьэнущ уи тепщэгъуэр». Фирхьэун хуэшри, щтэIэщтаблэу къызэфIэтыIсхьащ. «Iэсият, зэхэпха уэри а псалъэмакъыр?» - еупщIащ ар и щхьэгъусэм. «Зэхэсхащ», - жуэал къитащ Iэсият. Нэхъри шынащ Фирхьэун.

Зэман дэкIри, аргуэру щхьэуфхьауэ, пщIыхьэпIэ елъагъу: ЩIалэ гуэр аслъэным тесу къыбгъэдыхьэри, и щхьэм башкIэ къеуауэ, иужькIэ, и лъакъуэр иубыри, хым хидзауэ. Фирхьэун и нэгу щIэкIам игъэшынауэ унафэ ищIащ пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэу хъуар зэхуашэсыну. Абы хэзыщIыкIэм, дауи, къагурыIуат пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр (Фирхьэун зытекIуэдэжыну щIалэрат и нэгум щIэкIыр), арщхьэкIэ бзаджащIэм щышынэхэри, и пэжыпIэр жраIакъым, атIэ, «зыри къикIыркъым уи пщIыхьэпIэм. Ар шейтIаным уигъэлъэгъуауэ аращ», - жраIа къудейщ.

КъыкlэлъыкIуэ жэщхэми, Фирхьэун зэрыжейуэ, а щIалэ дыдэр къыхуэхIуэрти, къыжриIэрт: «Сыту ущымыуКIытэрэ укъэзыгъэщIа Алыхьым? Псори дыкъэзыгъэщIа Алыхьым щхьэ уплащIэува?» Зэми хым хитхьэлыхьу и нэгу щIэкIырт. Зы жэщ гуэрым илъэгъуауэ щытащ абы и щхьэгъусэ Iэсият дамэ къытекIауэ узгум къызэрыщильэтыхьыр (Iэсият ислъам диным къихьауэ щытащ).

Фирхьэун бзаджащIэр хуабжьу игъэпIейтейрт и нэгу щIэкIэм. Аргуэру унафэ ищIри, пщIыхьэпIэм хэзыщIыкI псори зэхуишэсащ. И нэгу щIэкIахэр щахуиIуатэм, и пщIыхьхэм я мыхьэнэр къыжраIащ: «ЩIалэ цIыкIу къалъхунущ. Тепщэгъуэр зеинури уэ уэытекIуэдэжынури аращ, абы жиIэнущ: «Алыхьым сриIыкIуэщ».

Мусэ и пхъуантэмрэ бзагуэ хъуа лIыжьымрэ

Фирхьэун лейуэ зэрихьэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. Iисраили и быным леишхуэ къатехьэрт, сабийжэм деж щегъэжьауэ ягъэпщынпIырт, къарууншэ зыхуэзфIэмыкIыжхэр якIырт, ар зыльагъу адэ-анэм ягу темыхуэу лIэхэрт. Апхуэдэурэ Iисраили и быным мащIэ хъууэ хуежьащ. Ауэ щыхъукIи, Фирхьэун лъапIэм и пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр (ар зытекIуэдэжыну щIалэр къызэрылъхунур) апхуэдизкIэ и гум щIыхьати, унафэ ищIащ щIалэ цIыкIу къалъхур якIыну. АрщхьэкIэ, бзаджащIэм и блыгущIэтхэм жаIащ щIалэ цIыкIуу къалъхур яуклмэ, яхуэпщылIын зэрамыгъуэтыжынур. Апхуэдэу щыхъум, мурад ящIащ зы гъэм къалъхур игъэпсэуну, адрей гъэм дунейм къытехьэр яуклыну.

ЩIалэ цIыкIуэр щауэ I илъэсым къалъхуат Тхьэр арэзы зыхуэхьун Мусэ лIыкIуэ лъапIэр. Абы ипэ ит гъэм къалъхуат Мусэ и къуэш Хьэрун (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр).

Мусэ дунейм къыщытехьам, сабийм и нэгум кърих нурым гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэжым. Анэр хуабжьу и сабийм щхьэкIэ гузавэрт, Фирхьэун зэрыщихьымэнур ищIэртэкъым. АрщхьэкIэ, Алыхьым и гущIэгъур гъэнапкъэншэкъэ?!

Алыхь Iэмыркlэ анэм къыгурыIащ и сабийр пхъуантэм дигъэтIысхьэу Нил псым триутIыпщхьэн зэрыхуейр. Пхъуантэр къезыща лIыжьыр: «Сыт мы пхъуантэр зэрыпщIынур?», - жиIэу къыщеупщIым, Iэхъур зыIутыр хуиIуэтащ абы. Арщхьэкlэ лIыжьыр мыхьэнэншэу къыщIэкIри, Фирхьэун и деж кIуащ бзэгу хуихьыжьыну. БзаджащIэ джаурым и пащхьэ лIыжьыр зэриувэу, ар багуэ хъуащ. ЖиIэр къащыгурымыIуэм, «делэ гуэр хъунщ», - жаIэри, къыдахужащ. Бззэрым зэрынэсыжу абы и бзэр къиутIыпщыжащ. ЕтIуанэу тригъаззэри, Iиманыншэр Фирхьэун и деж кIуащ бзэгу ихьыну, арщхьэкIэ, аргуэрым и бзэр иубыдыжащ, къищынэмыщIауэ, нэфи хъуащ. ЖиIэр щызэхамыщIыкIым, фIыуэ яубэрэжьри, якIыдадэжащ. Бзагуи нэфи хъуа лIыжьыр унэми кIуэжьфыртэкъым. Гъэгъурэ абы жиIащ: «ЩIалэм зэкъуэ, си щыуагъэр къызгурыIуэжащ. Мы зэ закъуэм гущIэгъу къыскхуэпщIыжатэмэ, си гъащIэ псор тыхь хуэсщIынт Уи арэзыщIынытгъэм!». Алыхьым имыщIэ щэху щыIэкъым, лIыжьым и псалъэхэр и гум къызэрыбгъэдэкIым ипкъ иткIэ, Алыхьым абы гущIэгъу хуищIри, и бзэрэ къиутIыпщыжащ, и нэхэри къигъэплъэжащ. Къэплъэжу, Мусэ и нэгу ипльа лIыжьым Iиман щыпкъэ хихьащ икIи ар псэуху Алыхьым и гъуэгум текIакъым.

Фирхьэун Мусэ зэрипIар

Фирхьэун зыпхъу закъуэ иIэу арат, ари сымаджэт («фаджэ» зыхуэкIэ уз зэрыщIалэр пкърытт), дохутыри Iэзэ-гъуэзи сабэп хуэхьуртэкъым. Ауэ псоми жаIэрт абы и хущхьэгъуэгъэ Нил псыщхуэм къызэрыкIынур.

Зы махуэ гуэрым Фирхьэун джаурым и пхъур псы Iуфэм деж щагъэджэгуу здэщытым, толъкъуным тафэм къытридзащ Мусэ зыдэлъ пхъуантэр. Ар хъыджэбз цIыкIум къищтэри, зэтрищащ. Пхъуантэм дэлъ сабийм хъыджэбз цIыкIур зэреIусэу, хьихьжащ абы и щыгъэ къищэщащэр. Ар зыльэгъуа гупым пхъуантэм дэлъ сабийр унэм яхьащ. Iэхъур зыIутыр Фирхьэунрэ Iэсиятрэ жраIащ. Iэсият Iиман къихьат Алыхьыр зэрызакъуэмкIэ, ауэ и щхьэгъусэ джаурым ар иджыри щIбзыщIырт. Апхуэдэу щыхъум, мурад ящIащ сабийр абыхэм япIыну. Iэсият занщIэу къыгурыIуат ар къызэрыгуэкI сабийр зэрыщIымытыр.

Фирхьэун и пщIыхьым хэта сабийр и гум ильти, нэхъри шынэ кIыщтат, «сызытекIуэдэжынур мы сабийраруз пIэрэ», жиIэурэ. АрщхьэкIэ Iэсият и пIыр къигъэдаIуэри, Мусэ япIын щIадзащ.

Мусэрэ и анэмрэ Алыхьым зэрызэхуишэжар

Сабийр быдзышэ езыгъэфэн ягъуэтыртэкъым. Быдзышэ зиIэ псоми зэхуэдэсат, арщхьэкIэ, сабийм къищтэртэкъым зыми я бгъэр.

А зэманым Мусэ и анэм и гур гуаузм ирикъутыхырт Нилым триутIыпщхьэ и сабийм щхьэкIэ. Мусэ и шыпхъум Алыхьым игу кърилъхьащ узрамым дыхьэу и дэлъхум и хъыбар къиплъыхъуэну. Iэсият и деж ар щыщIыкIым, илъэгъуащ IэплIым ипь сабийр. Iуэхур зыIутыр къыщищIэм, жиIащ: «Сэ къыфIэхуэсщэнщ ар быдзышэ фхуезыгъэфэн», - жиIэри, и анэр Iэсият и деж къишащ. Анэр и сабийм зэрыIупльэу, и гур къызэрыгуэтыжащ. Мусэ и анэр къищIыхьэщ, анэм и бгъафэм зыщIидзэри, ирикъуху шхащ. ЛIыкIуэ лъапIэм Алыхьым хьэрэм щищIат нэгуэщIым и быдзышэр. Абы теухуауэ КъурJэн лъапIэм къыщыкIуащ Iэятхэр.

Фирхьэун игугъат Мусэ быдзышэ езыгъафэр зи сабий яукла анэхэм ящыщ зыуэ, арщхьэкIэ Iэсият щыгъуаззт Iуэхур зыIутым.

Iэсият жиIащ: «Сабийм быдзышэ ефэн щигъэтхъуклэ си деж щыпсэу». - «Сэ уи деж сыщыпсэумэ, модэкIэ си лъапIэр хэкIуэдэжынущ. Абы нэхъри нэхъ хэсщтэнут сабийр къызэптрэ, быдзышэ емыфэж хъуху си деж щыбгъэIатэмэ», - жиIэу Мусэ и анэм щижиIэм, Iэсият абы арэзы техъуащ. Мис апхуэдэу анэм Мусэ илъэситкIэ быдзышэ иригъафэри, итIанэ сабийр Iэсият иритыжащ.

Фирхьэун джаурым Мусэ иукIыну хуэмейуэ зы махуи дэкIажьмэ, ауэ Алыхьым и ЛIыкIуэ лъапIэр щихьу-мащ а бзаджащIэм и Iейм.

Мусэ лIыкIуэ лъапIэмрэ Фирхьэун бзаджащIэмрэ я гъащIэм адэкIэ къурикIуар «Iсльъамым и нурым» и къыкlэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

Мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэр

Мухьэрэм мазэм и епщIанэ махуэр Iэшрыщ. Мы гъэм ар шыщхьэуIум (августым) и 29-м тохуэ. КъурJэн лъапIэм къызэрыщыкIуамкIэ, а махуэращ уафэхэри, щIылъэри, мелыычхэри, япэ цIыхури (Iэдэм бегъымбарыр) Тхьэм хъыщIэщIар. А махуэращ дунейр щыкъутэжынури.

ЛIЭЩIЫГЪУЭ зэмылIэужьыгъуэхэм уриплъэжмэ, Алыхьым и лIыкIуипщым фIыгъуэшхуипщ къащыдигъэкIуа махуэщ ар. А махуэращ Нухь лIыкIуэ лъапIэм и кхъухьыр псыдзэм къыщIелар; Алыхьым и лIыкIуэ Мусэрэ абы и дзэмрэ Фирхьэун бзаджащIэм щыщихьумар; Тхьэр арэзы зыхуэхъуа Мухьэмэд бегъымбар лъапIэри и Iумэтхэри Тхьэм джаурхэм ящихьумащ (джаурхэм я гум шынэ кIрилъхьэри, мусlъымэнхэм къемызауэу щIэпхъуэжахэщ Iэшрыl Мухуэм); Iэшрыl махуэущ Хьисэ лIыкIуэ лъапIэр Тхьэм щыдрихьеижар; Юнус (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр) джейм и кIуэцIым псэууэ къикIыжащ; Алыхь Iэмыркlэ Iэюб цIыхухэм я уэхэр ящхьэщих хъуащ; Яхькъуб лIыкIуэмрэ и къуэмрэ зэрыгъуэтыжащ; Сулеймэн пщы хъуащ; Исуф тутнакъэщым къраГъэкIыжащ. Мис а Iэхэгуфэ псорэ къыщыхьуар Iэшрыl махуэущ.

Iэшрыl махуэм Мэккэм дэт Кэбэм тепхъуа щэкIыщхуэр трахри, щIэ траЛъхьэ.

Мухьэрэм мазэм нэхъ лъапIэ дыдэу хэтыр 10-нэ махуэраща икIи 9-нэ, 10-нэ, 11-нэ махуэхэр къэбнэщIыныр суннэтщ.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфыр зыщыхуам) жиIащ: «Рэмэданым иужькIэ хъэбнэщIыну нэхъ псапэ дыдэ зыпылъэр мухьэрэм мазэращ». А мазэ лъапIэращ Мухьэмэд бегъымбарыр Мэккэм икIыу Мадинэм щыIэпхъуар.

Сыт нэщI щIаIыгъыр Iэшрыl махуэм?

Iэшрыl махуэм мусlъымэнхэм нэщI щIаIыгъым и щхьэусыгъуэр а махуэм и лъапIагъыращ. Зи уэыншагъэр пэмылъэщ цIыхуэхэр мынэщIыфми, а махуэм нэщIар хэзыгъэщхьэжым и псапэри гъунапкъэншэщ. Абы и щыхьэтщ мы хъыбар кIэщI цIыкIур: Тхьэм и нэфыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым и зэманым зы тхьэмыщкIэ гуэр Iэшрыl махуэм нэщIат. Ауэ абы и къулейсызагъым кхьихэкIкIэ зэрыхэщхьэжын иIэтэкъым. Апхуэдэу щыхъум, сату зыщIу бззэрым тес мусlъымэн цIыхухъум бгъэдыхьэщ, Iэхур зыIутыр жриIэри, елъэIуащ щыхуэу зы дыжьын динар къритыну. АрщхьэкIэ, къритакъым. Мусlъымэным пэмыжыжьэу сату зыщIу щыс журтым зэхихат а тIум я псалъэмакъыр. Журтыр къуейсызым къыбгъэдыхьэри, зэрынэщIам папщIэ тыгъэ къыхуищIащ дыщэ динарипщ.

ЩIыхуэ зытын зымыда мусlъымэным жэщым пщIыхьэпIэу ильэгъуащ: хъугъуэфIыгъуэр здэщыIэ жэнэтым дыхьэну щыхуежьэм, бжэр зэхуащIри кхъжраIауэ: «Мы псэупIэр уэ пхухахауэ щытащ. Ауэ нобэ щегъэжьауэ мыбы и бжэр уэркIэ зэхуэщIащ. Мы псэупIэр зыпэплъэр сату зыщIу уи гъунэгъуу щыс журтырщ».

Пщlыхьэпlэм игъащтэу къэуша лIым и гъащIэ псор и нэгу къыщIыхьэжат. И гур зэбгъэжауэ мусlъымэныр журтым бгъэдыхьэри, жриIащ: «НэщI иса тхьэмыщкIэм епта сэдэкъэм къыпэкIэ псапэр сэ къызэт. Си гъащIэ псом мылъкуу зэхуэсхьэсар уэстынщ», - жиIэри. Журтым жэуап къритащ: «Алыхьым жимыIэкIэ, сэ ныжэбэ си нэгу щIэкIа жэнэт унэр мылъкукIэ схъужыну. Сэ исльам диныр къэсщтащ ныжэбэ щыщIэдзауэ». Пуми а зы пщIыхьэпIэр я нэгу щIэкIауэ арат.

Аращи, умуслъымэн къудейкIэ жэнэтыр къыпхуэлэжьыныкъым, жэнэтым узыхьынур Иманымрэ IэзэхущIафэмрэщ.

Iэшрыl махуэм щIэнэщIыр апхуэдизкIэ псапэ къызэрыпэкIуэращ.

Фирхьэун бзаджащIэм и гъащIэм щыщ пычыгъуэхэр

Фирхьэун дунейм къызэрытехьар

БзаджащIэм и гъащIэм сытетхыхьан ипэ къихуэу фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ ахъэр зэманым (дунейр щыкъутэжынум) и нэщэнэхэм ящыщу зы: КъурJэн лъапIэмрэ хьэдисымрэ къызэрыщыкIуащи, псэущхьэхэр къэпсэлъэнущ дуней къутэжыгъуэр къыщыбгъэгъэм и деж. Абы и щыхьэтщ мы хъыбарри:

Мысырым щыпсэурт илъэси 170-рэ зи ныбжь, бын зимыIэ Iэхъуэ лIыжьыр. Абы и цIэр Мусхьэбт. Зы махуэ гуэрым абы илъэгъуащ губгъуэм щыхъуакIуэ, шкIащIэ цIыкIу зи гъусэ жэмыр. Мусхьэб хуабжьу абы екъуэпсат икIи ефыгъуат. Алыхь Iэмырти, жэмыр кэпсалъэри (псэущхьэхэр зэрыпсэлъэнур нэщэнэхъуэхэм ящыщщ), кIыжрIащ Мусхьэб щIалэ къыщIэрыхуалъхунур, адэкIи къыпищащ а щIалэр жыхьэнмэ Iыхьлыуэ зэрыщытынур.

Ныбэм илъ сабийр къалъхур ипэ къихуэу, Мусхьэб дунейм ехыжащ. Сабийр къалъхури, Уэлид фIащащ. ЩIалэ цIыкIур анэм иплIрэ, балигъыпIэ иува нэужь, пхъащIэм иритащ Iэщlагъэ иригъэгъуэтын папщIэ. АрщхьэкIэ, а Iэщlагъэр къуэм игу ирихьакъым. Ар ахъшэкIэ джэгу хъуащ. Апхуэдэ Iэхъуэгъуэхэр Алыхьым игъэхьэрэмами, абы ахэр къыфIэIуэхутэкъым, анэр игъэпсэлъэхкэртэкъым. «Сэ сызэрыхуей дыдэм хуэдэущ сызэрыпсэунур», - жиIэрти, и щхьэм къихьэм фIэкIа имыщIэурэ, гъуэгу мыгъуэм теуващ. Ахъшэ фIахьыхукIэ унэм щIэлыр щIихьурэ ищэрт. Унэм щIихьи щимыгъуэтыжым, езым щыгъэ щыгъын нэгъунэ ищэн хуей хъущ. Мис итIанэ Фирхьэун цIэмкIэ къеджэ хъуащ, уеблэмэ, и цIэ дыдэр цIыхухэм ящыгъупщэжащ. Тутнакъэщым щисым ису, адрейм мыхъумыщIагъэ илэжьу апхуэдэут абы и гъащIэр зэрекIуэкIыр.

Фирхьэун адэ къыхуэхъуар

Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ лIыжьым Iэщlэкlа и шыр къыхуэмыуфыдыжу къриухуэкIыу щилъагъуэм, Фирхьэун шыр къиубыдыжри, лIыжьым хуишэжат. Ар дадэм хуабжьу гуапэ щыхъуащ, икIи жриIащ: «Сэ мылъкушхуэ зыгъэдэлъщ, дунейм сехыжмэ, си мылъкур къызыхуэзгъэнэн быни сиIэкъым. Сэ гурэ псэкIэ сыарэзыуэ бын узощI». Фирхьэун бзаджащIэр (ар абы ицIыхуртэкъым) бын ищIри, зришэлIэжащ лIыжьым. Абы иужькIэ лIыжьыр куэдрэ псэужакъым, мылъкушхуэр Фирхьэун къыхуэнащ. АрщхьэкIэ, ахъшэкIэ джэгуным дихьха щIалэм щIэинир куэдрэ хуирикъуакъым.

Фирхьэун тепщэгъуэр зэрызыIэригъэхьар

Мылъкур щиухым, Фирхьэун къигупсысащ нэгъуэщI хэкIыпIэ тынш: ккъэм щIалъхьэну дахам щхьэкIэ налог хихыу щIидзащ, икIи ар щым и унафэру жиIэурэ пцIы иупсыр. Ауэ а пцIыр къыщIэщащ пщым и пхъур щылIам щыгъуэ. А махуэращ пщым къыщищIар лIам щхьэкIэ налог зэрыхахыр. Лейзехьэр яуклыну пщым унафэ щищIым, Фирхьэун гужьейри, мылъкуу зэхуихьэсар пщым хуригъэхьащ. Ар щилъагъум, къэнэпсэфри, пщым и губжьыр щхьэщIкIащ, уеблэмэ, Фирхьэун и блыгущIэт ищIащ.

Пщым и пщIыхьэпIэр

Зы жэщ гуэрым пщым пщIыхьэпIэ шынагъуэ ильэгъуащ. ПщIыхьэпIэм и мыхьэнэр къаригъэIуэтэн мурадкIэ абы фIыуэ хэзыщIыкIэм я деж кIуэну гъуэгу техьащ. Фирхьэун къыщIуущIэм, щIэупщIащ «дэнэ уежьа?» - жиIэри. Iэхъур зыIутыр пщым Фирхьэуным хуиIуэтащ. Фирхьэун псалъэ дахэ защIэкIэ пщыр чэщанэм щIидзри, и щхьэр пинущIащ. Мис апхуэдэу пщым и тахьтэм Фирхьэун итIысхьащ, тепщэгъуэр зыIэщIилъхьащ.

А махуэм щыщIидзэри, дунейм екъужьхуу Фирхьэун жиIащ: «Сэращ Алыхьыр, сэращ щхьэщэ зыхуэфащIынур». Псом япэу абы щхьэщэ хуэзэщIар Iиблисщ. Фирхьэун и блыгущIэтхэри, и хъуманкIуэхэри, Iэзэ-гъуэзэхэри абы хуэпящылIырт, псоми абы щхьэщэ хуащIырт. А зэманым Iисраили и быным куэд яхэтт Алыхьымкlэ фIэщхъуныгъэ щыпхъэ ябгъэдэлъу, Тхьэ закъуэм хуэпащылIу. Алыхьым и гъуэгум тетхэм леишхэу ярихьу хуежьащ Фирхьэун бзаджащIэр. Ауэ абы ищIэрэхъым ар зытекIуэдэжыну лIыкIуэ лъапIэр Алыхьым къызэригъэкIуэнур.

Фирхьэун бзаджащIэм и пщIыхьэпIэр

Дызэрыщыгъуэзэщи, Фирхьэун Алыхьым и бийуэ щытащ. «Сэращ Алыхьыр» жызыIэу щытахэм ящыщ зыщ ар.

Зэгуэрым ар жейуэ здэщылIым, макъ тепльыдж гуэр зэхихащ: «Iисраили и быным щIэблэ къьхэхъуащ. Абы зыIэщилIэхьэнущ уи тепщэгъуэр». Фирхьэун хуэшри, щтэIэщтаблэу къызэфIэтыIсхьащ. «Iэсият, зэхэпха уэри а псалъэмакъыр?» - еупщIащ ар и щхьэгъусэм. «Зэхэсхащ», - жуэал къитащ Iэсият. Нэхъри шынащ Фирхьэун.

Зэман дэкIри, аргуэру щхьэуфхьауэ, пщIыхьэпIэ елъагъу: ЩIалэ гуэр аслъэным тесу къыбгъэдыхьэри, и щхьэм башкIэ къеуауэ, иужькIэ, и лъакъуэр иубыри, хым хидзауэ. Фирхьэун и нэгу щIэкIам игъэшынауэ унафэ ищIащ пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэу хъуар зэхуашэсыну. Абы зэхэзыщIыкIэм, дауи, къагурыIуат пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр (Фирхьэун зытекIуэдэжыну щIалэрат и нэгум щIэкIыр), арщхьэкIэ бзаджащIэм щышынэхэри, и пэжыпIэр жраIакъым, атIэ, «зыри къикIыркъым уи пщIыхьэпIэм. Ар шейтIаным уигъэлъэгъуауэ аращ», - жраIа къудейщ.

КъыкlэлъыкIуэ жэщхэми, Фирхьэун зэрыжейуэ, а щIалэ дыдэр къыхуэхIуэрти, къыжриIэрт: «Сыту ущымыуКIытэрэ укъэзыгъэщIа Алыхьым? Псори дыкъэзыгъэщIа Алыхьым щхьэ уплащIэува?» Зэми хым хитхьэлыхьу и нэгу щIэкIырт. Зы жэщ гуэрым илъэгъуауэ щытащ абы и щхьэгъусэ Iэсият дамэ къытекIауэ узгум къызэрыщильэтыхьыр (Iэсият ислъам диным къихьауэ щытащ).

Фирхьэун бзаджащIэр хуабжьу игъэпIейтейрт и нэгу щIэкIэм. Аргуэру унафэ ищIри, пщIыхьэпIэм хэзыщIыкI псори зэхуишэсащ. И нэгу щIэкIахэр щахуиIуатэм, и пщIыхьхэм я мыхьэнэр къыжраIащ: «ЩIалэ цIыкIу къалъхунущ. Тепщэгъуэр зеинури уэ уэытекIуэдэжынури аращ, абы жиIэнущ: «Алыхьым сриIыкIуэщ».

Мусэ и пхъуантэмрэ бзагуэ хъуа лIыжьымрэ

Фирхьэун лейуэ зэрихьэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. Iисраили и быным леишхуэ къатехьэрт, сабийжэм деж щегъэжьауэ ягъэпщынпIырт, къарууншэ зыхуэзфIэмыкIыжхэр якIырт, ар зыльагъу адэ-анэм ягу темыхуэу лIэхэрт. Апхуэдэурэ Iисраили и быным мащIэ хъууэ хуежьащ. Ауэ щыхъукIи, Фирхьэун лъапIэм и пщIыхьэпIэм и мыхьэнэр (ар зытекIуэдэжыну щIалэр къызэрылъхунур) апхуэдизкIэ и гум щIыхьати, унафэ ищIащ щIалэ цIыкIу къалъхур якIыну. АрщхьэкIэ, бзаджащIэм и блыгущIэтхэм жаIащ щIалэ цIыкIуу къалъхур яуклмэ, яхуэпщылIын зэрамыгъуэтыжынур. Апхуэдэу щыхъум, мурад ящIащ зы гъэм къалъхур игъэпсэуну, адрей гъэм дунейм къытехьэр яуклыну.

ЩIалэ цIыкIуэр щауэ I илъэсым къалъхуат Тхьэр арэзы зыхуэхъун Мусэ лIыкIуэ лъапIэр. Абы ипэ ит гъэм къалъхуат Мусэ и къуэш Хьэрун (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр).

Мусэ дунейм къыщытехьам, сабийм и нэгум кърих нурым гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэжым. Анэр хуабжьу и сабийм щхьэкIэ гузавэрт, Фирхьэун зэрыщихьымэнур ищIэртэкъым. АрщхьэкIэ, Алыхьым и гущIэгъур гъэнапкъэншэкъэ?!

Алыхь Iэмыркlэ анэм къыгурыIащ и сабийр пхъуантэм дигъэтIысхьэу Нил псым триутIыпщхьэн зэрыхуейр. Пхъуантэр къезыща лIыжьыр: «Сыт мы пхъуантэр зэрыпщIынур?», - жиIэу къыщеупщIым, Iэхъур зыIутыр хуиIуэтащ абы. АрщхьэкIэ лIыжьыр мыхьэнэншэу къыщIэкIри, Фирхьэун и деж кIуащ бзэгу хуихьыжьыну. БзаджащIэ джаурым и пащхьэ лIыжьыр зэриувэу, ар багуэ хъуащ. ЖиIэр къащыгурымыIуэм, «делэ гуэр хъунщ», - жаIэри, къыдахужащ. Бззэрым зэрынэсыжу абы и бзэр къиутIыпщыжащ. ЕтIуанэу тригъазз

Зи псэр дахэ цІыху

УсакІуэ КІуащ БетІал къызэралъхурэ илъэси 100 щикъум ирихьэлІэу

Долинск и мэзхэр, и удз гъэгъахэр, и чыцэ баринэхэр... Уэгум уэрэд къыщиэзыш бзуэхэр... Махуэ хэбзэм щыгуфІыкІыу ежьэх псы къабзэр...

Мыбдеж гумрэ псэмрэ зыщагъэпсэху.

Мы жэнэт щыпІэм срехьэ зэман блэкІам и уэгум. Мыбы ехьумэ си сабиигъуэ мытыншам и зы Іыхьэ.

Си ныбжьыр илъэсищІым итУ си сыщІэхуащ сабий санаторэу Долинск дэтым. Ар къыщыхъуар 1952 гъэм мэлыхьыхь мазэм икурац. Аущ сэ санаторэм сыгъуэлъэн ипэ тхьэмахуитКІэ «Налышк» хьэщІэщым сыщІэсын хуей хъуащ. ХьэщІэщыр къалэ парк ихьэпІэм деж щытт.

Сэ хьалэм дохутыр къыжигъэзэну сыкъишат зыпэсщІ щымыІэ си анэ дэлъху нэхъыщІэ, журналист, тхакІуэ Дудар Хьэутий. Ар «Къэбэрдей пэж» газетым (иджы «Адыгэ псальэм») щылажьэрт. Абы фэтэр иІэтэкъыми, а хьэщІэщым пІалъэкІэ щыпсэуэ арат. ЛэжьапІэри жьжьэтэкъым, Лениным и проспектымрэ Лермонтовым и уэрамымрэ я зэблэкІыпІэм дежт редакцэр зэдащІэр, унэ гъуабжэшхуэ зэтетым и ещанэ къатырт.

Хьэутий лэжьыгъэм зэман къыдигъэкІыуэрэ къалэ поликлиникэм сишэрт, анализ сигъэтырт.

Зэгуэрым, пщыхьэщхьэ хъуауэ, Хьэутий лІищ и гъусэу къэкІуэжащ. Зыр композитор цІэрыІуэ Вано Мурадели, етІуанэр тхакІуэ Нало Ахьмэдхъан, ещанэр усакІуэ КІуащ БетІалт.

Вано Мурадели лІышхуэт, бжьыфІэт, нэгу зэлъыІухат. Нало Ахьмэдхъани лъэгагъкІэ абы зыкІи къыкІэрыхуэтэкъым, бжьыфІэт, хуабжьу зэкІужт. Хьэутии и инагъкІэ, бжьыфІагъкІэ а тІум къакІэрыхуэтэкъым. КІуащ БетІал лІы лъахъшэт, лъагъуГъафІэт, нэхъу-нэшхуэт, набдзэ Іуэт, щхьэц фІыщІэт. БетІал гушыІэрти, псори дыхьэшхыт, ар сэ къызбГьэдэтт, и ІэмкІэ сызришалІэу. Аэхр нэхъыбэу, Вано и хъэтыркІэ хъунт, зэрыпсалъэр урысыбзэт, сэ зэрыпсалъэр урысыбзэм, ар сэ фІыуэ къызгурыІуэртэкъым, фІыуэ дзнэ къэна, къызгурымыІуэхэу жьІпІэ хъунут - сэ сщІэртэкъым урысыбзэ.

Мурадели Вано и гъуэнщэдж быхъушхуэм и жьп куум, щІэ зимыІэу къыпщыхъухэм, къриунэщІыкІащ пщІий дэ цІыкІуэр. Аэхр самэу стІолим тельт, пэгун из хъуну къыпфІэщІу. Вано дэхэм еплъщ, си дежкІэ зыкъыгъаазэри, гуфІэу къыхэжаІащ:

«Кушай!»

Иджыри зытІэкІуэр Іэуэлъауэжхэри, абыхэм зрачыжащ и лъабжьэм щІэт рестораным, сэри сыкъыздащтащ. А пІлым сурэт ятепщыкІыну уасэ иІэтэкъым!

Рестораным уэзрыщІыхьэу ижьыбгъумкІэ буфетыр щытт, а лъэныкъуэмкІэ абы пэмыІэщІащэу оркестр зэхэст. Аэхр, дыкъыздэралъагъуу, къэтэджри, нэ-фІэгуфІэу щхьэ къыхтхуащІащ.

Залыр дахэт, уардэт, нэхут, цІыхухэри къакъэпщыпщІу щІэзт. Зэ зы лъэныкъуэмкІэ, зэ нэгъуащІ щІыпІэкІэ Іэ къащІ, сэлам къырахьу, хэти «фыкъэтІыс» - жьхуаІэ щыкІэу, мыдрей плІыми зыгуэрхэм щхьэ хуащІ, Іэр драдзейуэрэ сэлам ят. Апхуэдэуэрэ дыкІуэцІрыкІри, оркестрым пэмыІэщІэу детІысэхащ. ДытІысаи-дымытІысаи жьпІэу, оркестрым къыщІидзащ макъамэ еуэн. Макъамэхэр хуэмурэ, нэщхьейуэ ежьащ, ар гум хьыхьэт, гуакІуэт, ауэ щыхъукІи, псэр ихуэзыт. Сэ сщІэртэкъым макъамэр зытеухуар, ауэ си пкъым къыхьыхьэт, си Іэпкълъэпкъми абы пэджжэу щІидзащ. Макъамэм зиІэту хуожьэ, пхьащэ мэхъу, топхъуным хуэдэу мэукъубей, гужьеигъуэу къыпІуроуэ. Апхуэдэуэрэ нэщхьеягъуэр къыхохьэжри, хуэму мэужьыхьыж.

БетІал усэм кьеджэн щІидзащ урысыбзэкІэ. Усэр, сызэригугъэмкІэ, езым зэридзэкІыжауэ къыщІэкІынт. Ауэ мы сатырымкІэ къыщІидзащ: «Салам, Украина! Россия, салам!» Къыхэгъэщыну сыхуейт, сатырым усакІуэр къызэреджар «салам» псальэр хэтущ, иужькІэ ар «привет» - жиІэу зэрадзэкІыуэ щытащ, апхуэдэуи тхыльым итщ. Сэ сызэреплъымкІэ, апхуэдэ ящІын хуеякъым, ар езы усакІуэми щІызэримыдзэкІам художественнэ щхьэусыгъуэ иІэу къыщІохьу. «Салам» псальэм усэр щІэщыгъуэ ищІырт, нэхъри гу кьабзагъэ, псэ хьэлэлагъ, фІэщхъуныгъэ хилъхьэрт.

БетІал къыпеуэн умыГъуэтыну усэ кьеджэрт, абы макъ дахэ зэпІэзэрыт иІэт, усэ сатырхэм я ритмикэр, псалъэ нэхъ мыхьэнэ зиІэхэр едаІуэм деж гум хьыхьэу нихьсырт, уи псэр игъэпІейтейрт.

А пщыхьэщхьэращ а усэр япэ дыдэу щыІуар, а пщыхьэщхьэращ сэри япэ дыдэу усакІуэр и усэм кьеджэу щызэхэсхари.

1953 гъэт ар, гъатхэм и кІэу сигугъэжщ. Санаторэм сыкъыщІэкІыжа иужьи слъэгъуащ БетІал зэзэмызэ. Ауэ сэ иджыпсту нэгъуэщІ зы хъыбар, ари усакІуэм ехпаэу, си гум къинащи, къэсІуэтэнущ. Абы кьегъэльэгъуэ БетІал цІыху къызэрыгуэкІхэм къыхуаІэ лъагъуныгъэр.

«Победа» кинотеатрым и гупэкІэ, Кьэбэрдей уэрамымрэ Грибоедовым и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ я пІлІанэпэм деж, тету щытащ будкэ тІорысэ фэнщэ цІыкІу. Абы вакъэ игъэкъабзэу хьэмшэрий лІыжь цІыкІу щылажьэрт. ЛІыжьым и цІэр Щэмелт. Гугъуехь зэрилъэгъуар кьищу, абы и нэгур зэрыщыту ушкІумпІат, зэлъат, фагъуэт, и нэхэри плъыжькъэущыныфэт, щыхуаби щыщыІи зы щымахуэ пылэ укъуеижа щхьэрыгът, псэлъэрейтэкъым, и щхьэ хуэгурымыжу уэрэдрэ мыуэрэдрэ къыпхуэмыщІэну щэхуу макъамэ гуэр кьрищырт. А лІыжьым деж Хьэутийрэ ТІэрэ ящІыгъуу дыщыкІуэ щыІэт...

Гъэхэр блэкІащ. БетІал мыгъуэри дунейм ехьжащ. Сэри школыр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмрэ сыщыхуеджну сыщІэтІысхьащ. Абы щыгъуэ ди факультетыр паркым и гъунэгъуу, щыпІэ щхъуантІэ дахэм итт (иджыпсту медицинэ факультетращ). ЕджапІэм дыкъыщикІыжым Къэбэрдей уэрамымкІэ дыкъехьжырт. Зэззмызэ а лІыжьым деж сыщІыхьэт, вакъэр сльэщІыну. СыщІыхьэжинкІи дыхьтепсэлъыхьыр зыт, зы дакъикъэ хуэдизт ар зэрекІуэкІри. Зэрыщытам хуэдэу сотхьж.

Щэмел и щхьэр къимыІэту кІыщІоупщІ:

- Кабардин?..
- Кабардин! - изотыж жэуап.
- Откуда?
- Куркужин.
- А-а-а-а... - щІэгурымыкІырт ар. ТІэкІуэр щымти, пищэжырт:
- Бетал знаешь?
- Знаешь!
- Хороший чэлэвек... Арат зэрыхъури.

Сэ зэгъэщІагъуэрт: блэкІа зэманым иту урысыбзэкІэ «хороший был» - жиІэу зэи къызэрыжьэдэмыкІырт. БетІал зэрымыпсэужьыр ищІэ пэтми. ЛІыжьри дунейм зэрехьжрэ куэд щІащ, ауэ сэ сегупсысыжри, иджыщ къыщызгурыІуар, Щэмел захуэу зэрыщытар икІи ар зэрыщымыуэр. БетІал деж-кІэ блэкІа зэман щыІэкъым, щыІэр нобэрэ къэкІуэнумрэщ. БетІал апхуэдэ усакІуэщ. Апхуэдэу къыщІэкІынут къыздэрыгъэкІ лІыжьыр абы зэрегупсысыр, усакІуэр, дауи, лІыжьым и гум Іэфіу кьинэжат.

Зэман екІуэкІым, махуэ къэс Іуэхугъуэ къэхъуэуэм дыщыхэтым деж гу лъытэркъым цІыхур зэрыуардэм, зэрылъагэм. Куэдрэ кхъуэу цІыхум и псэуклэм, и лэжьыгъэм и мыхьэнэр къыщыдмылъытэф. Ауэ къыщыдгурыІуэр езы цІыхур щыдимыгъусэжым, щІыпІэщІэкІам дежщ.

Культурологием и щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Баткин Л. М. КъэщІэрэщІэжыныгъэ лъэхъэнэм псэуа цІыхуэхъэхэм я гугъу щищым жиІащ ахэр я псэуклэкІэ, я гупсысэкІэкІэ гумащІэу зэрыщытар.

Мы тхыгъэм си гум къыщыгъэкІыжахэу КІуащ БетІали, Вано Мурадели, Нало Ахьмэдхъани, Дудар Хьэутии дунейм ехьжахэщ. Ауэ ахэр я дуней етыкІакІэ, я дуней еплъыкІэкІэ, я акъылкІэ, я щІэныгъэкІэ, я лэжьыгъэкІэ, я цІыху хэтыкІэкІэ гуманисту щытащ. Абыхэм лъэпкъыр ягъэбжьыфІащ.

КІуащ БетІал псэ хьэлэлт, жумартт, гумащІэт.

Абы и усэхэм щызэхэжьыхащ талант хъарууфІэрэ цІыхугъэ дахэрэ.

ЩОКЪУИЙ Къадир,
критик, философ-культуролог.

Урысейпсо утыкум щытокІуэ

● Хъыбар гуапэ

Ди республикэм щыщ школакІуэ зыбжанэ щытекІуащ къэралым предмет зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щекІуэкІа олимпиадэхэм я кІэух Іыхьэхэм. Апхуэдэхэщ 11-нэ классыр мы гъэм къэзыухэу Абазэ Алим (Тэрч къалэ, курыт школ №2), Бетыгъуэн Амир (Аруан къуажэм дэт курыт школ), Бэрбэч Даянэ (Налшык къалэ, гимназие №14), Хьэмжу Мадинэ (Налшык къалэ, «ДыгъафІэ къалэ»). Алимрэ Амиррэ физическэ щэнхабзэмкІэ, Даянэ - инджылызыбзэмкІэ, Мадинэ - ОБЖ-мкІэ пашэ щыхъущ зыхэта зэпеуэхэм.

ЗЭФІЭКІ лъагэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр щагъэльэпІащ КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхуэхэмкІэ и министерствэм. ЗэлуцІэ гуапэм кьрихьэлІат министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор, абы и къуэдзэ Мысост Екатеринэ, школакІуэхэм я адэ-анэхэр, Іыхьлыхэр. Ахэр псори гуапэу екъуэхъуащ урысейпсо утыкум екъулІэныгъэфІхэр къыщызыхьа, щІэныгъэ куурэ зэфІэкІ лъагэрэ къызыкъэкІа ныбжьыщІэхэм.

- Ди гуапэу дынывохъуэхъу фи текІуэныгъэмкІэ, - жиІащ Езауэ Анзор. - Апхуэдэу, фызыхэт гупхэм фІыкІэ факъыхэущ, гъащІэм хуиІэ мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ кьывзхъулІэу фыпсэуну, ныбжьыщІэхэ. ФэркІэ догушхуэ икІи допагэ.

Езауэр апхуэдэу екъуэхъуащ текІуэныгъэ къэзыхьаехэм я адэ-анэхэм, ахэр зэпеуэхэм хуэзыгъэхъэзыра я егъэджакІуэ Іэзэхэм. Абы зэрыжиІамкІэ, ШколакІуэхэм я урысейпсо олимпиадэр, хабзэ хуауэ, и лъсэ куэд лъандэрэ щокІуэкІ ди къэралым. Зы гъэ хъэмынэуи абы хэтщ школакІуэ мин 20-30-м нэс. Олимпиадэм и фІыгъэкІэ наІуэ къохъу ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэчий лъагэр, зэфІэкІ къызэрыкІуэр. 2019-2020 гъэм екІуэкІа апхуэдэ зэпеуэм ди республикэм и школакІуэхэр хэтащ унэтІынныгъэ 22-кІэ. Зэпеуэм и япэ Іыхьэу «курыт школхэм щекІуэкІам хэтащ сабий мин 25,5-м нэс. ЩІыпІэ Іыхьэм я зэфІэкІхэр щагъэльэгъуащ ныбжьыщІэ мини 10-м нэсым. Республикэ Іыхьэм хэтащ 9-11-нэ классхэм я еджакІуэ 1080-рэ. Абыхэм ящыщу урысейпсо утыкум нэсащ цІыху 200-м щІигъу.

Олимпиадэхэм щытекІуа ныбжьыщІэхэм иратащ министерствэм кІыхьэгъэдэкІ щІыхь тхыльхэр, апхуэдэуи «Apple iPad» пашэтхэри тыгъэ зэущІащ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Бажэр, уашхэр, кхъуэщыныр

Псысэ

Бажэмрэ Уашхэмрэ хъуакІуэщакІуэ ежьауэ, зы кхъуэщІын къагъуэтащ, и щхьэр щхьэщІыпхьыкІауэ.

- Мы дызрихьэлІар пльагъурэ, Уашхэ щыкІу! Дыунащ! - жиІащ Бажэм. - ШІэ си гугъэщ мыбы итыр. И щхьэр тпІэтэнщи, деплъынкъэ!

Кхъуэщыным и щхьэр ятІатэри, еплъащ.

- ШІэ щІэмыхуущ! - гуфІащ Бажэр.

- МыфІэІуауэ пІэрэ? Дыгъэм куэдрэ хэтащ, - шэч ищІащ Уашхэм.

- фІэІуами, сефэнущ: шэ сигу кьихьауэ си цІэр сэзэгъыжьыркъым.

Бажэм и щхьэр кхъуэщыным ириІащ.

- фІэІуакъым! - къипсэлъыкІащ Бажэр кхъуэщыным. - Дигъэунащ мыр тхъуэзыгъэувам: дызэрымыжьлІар ищІэ хьунт.

- Псори иумыфыж: тІэкІу къысхуинэ! - лъэІуащ Уашхэр.

Уашхэм жиІар зэхимыха нэпцІ зищІащ Бажэм:

- ШІэ щІэмыхущ!

- ТІэкІу къысхуинэ: шэ щІэмыху сигу кьэкІащ, - жиІащ Уашхэм, и гурыІупсэр кьэжащ.

Уашхэм жиІэр зэхимых нэпцІ зищІурэ, бажэм шэ кхъуэщыныр иригъэкІащ. Шэр ирифри, бажэм и щхьэр кхъуэщыным кьинащ.

- Сыт мыбы кьызищІар?

- Хэт?

- Кхъуэщыным. Си щхьэр кьинащ. КхъздзэгушыІэрэ мыр хьэмэ и фІэщ? СутІыпщ! - кхъуэщыным щІэкІиящ Бажэр.

- УщІэгубжьэкІэ къыпхуихьын щыІэкъым, дахэкІэ ухэмызагъэмэ, - жиІащ Уашхэм.

- Дахэ хэзэгъэнукъым мыбы.

- Шэр щипфым ухэзэгъащ, иджыри ухэзэгъэнщ, - жери Уашхэм ІуигъэзэкІыжащ.

Кхъуэщыным щІэкІиящ Бажэр:

- фІырыфІкІэ сутІыпщ! Сыкъэуамыгъэгубжь, тхьэмышкІэ! Сэ сыкъэгубжьмэ, тэмакъжІэщІ сохьу! СутІыпщ бжесІа! Дэгу зыпщІаи! СумыуІытпщынумэ, пхуэфащэр уэсщІэнущ: псым усхьынщи, ухэздзэнщ! Убзагуэ уэ хьэмэ удэгу? Сыкъэщебгъэчынущ, тхъэмышкІэ! СыбутІыпщынукъэ? Си напэр фІыцІэщ, сэ уэ пхуэфащэ уэзмышщІэмэ? Псым усхьынщи, уезгъэтхьэлэнщ - аращ уэ пхуэфащэр!

Псым ихьри, кхъуэщыныр щІригъэльэфащ Бажэм. Езыри здыщІильэфэн и гугъаькъым...

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Коронавирус уз зэрыщІалэм и зэранкІэ хуабжьу гувами, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2020 гъэм и чемпионатыр бадзэуэгъуэм и 15-м зэхаублащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мыгъэрей зэхьэзэхуэр щІэзыдзаэхэм яхэткъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и топджэгум иужь ильэсхэм тепщэныгъэр щызыІыгъа, блэкІа зэпеуэм и чемпион Бахъсэн и «Автозапчасть»-р. 2019 гъэм КъБР-м и футбол саугъэт нэхъыщхьэ псори абы зэщІикъуат. ЯпэщыкІэ, ар республикэм и щІымахуэ чемпионатым щытекІуат, къыкІэлъыкІуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и кубокыр ихьат, иужьу и чемпионныгъэр ихьуат. Абы щыгъуэми, бахъсэндэсхэм я тепщэныгъэр ильэс къэс нэхъ иныж хъу зэпытт. Кьалщтэмэ, 2018 гъэм дыщэ медалыр кьахьын папщІэ очко 74-м ирикъуамэ, нэгъабэ ар 83-м нагъэсат. КьищынэмыщІауэ, тот дагъэкІэхэмрэ кхъуэдагъэкІахэмри ирагъэфІэкІуат, текІуэныгъэ нэхъыбэ зыІэрагъэхьат. КІэщІу жьыпІэмэ, кьэпхъуэн жьжьэуи щыІэтэкъым. АрщхьэкІэ мылъкукІэ закъыщІэзыгъэкъуэн иджы ямыІэж хъуащ икІи я фІыгъуэ дыдэу зэхьэзэхуэхэм хэкІащ. «Автозапчасть»-м и пІэкІэ адэкІэ «Бахъсэн» командэр джэгунущ, ауэ абы и зэфІэкІхэр, дауи, ихъуэжам пэхъуну фІэщщыгъуейщ.

Зэпеуэм езыр-езыру хэкІащ Къэхъун и «Керт»-ри. Абырэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ФутболымкІэ и федерацэмрэ я зэхуаку зэгурымыІуэныгъэ къыдэхъуащ.

Апхуэдэу щыхъум, мыгъэрей зэхьэзэхуэм тепщэныгъэр щиуфыдыну мурад ищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэм нэгъабэ ящу зэрыхьхьэу дыдэжьым медалэр зыІэрызыгъэхьэ Прохладнэ и «Энергетик»-м. ПщІдзэзэ зэІущитІым абы и хьэрхуэрэгъуэхэм топ пщыкІутІ щахудигъэкІащ икІи бжьыпэр защІэу иубыдащ. Прохладнэдзэхэм зыжьыкІэрамыгъэхуу ирагъэжьащ япэ джэгуГъуитІми щытекІуахэу «Бахъсэн», «Урыхум», «Къундетейм», «ХьэтІохъуащкъуейм».

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и пэщІэдзэ зэІущІэхэм къариКІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *ящ джэгуГъуэ* - «**Инал**» (Къэрэгъэщ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **2:2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**ХьэтІохъущкъуейр**» (ХьэтІохъущкъуей) - **1:2**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Урыху**» (Урыху) - **1:3**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **2:1**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **1:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2:8**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Родник**» (Псынэдахэ) зэІущІэр ягъэІэпхъуащ; *етІуанэ джэгуГъуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Спартак-Д**» - **0:4**, «**Родник**» - «**Тэрч**» - **1:1**, «**Къундетей**» - «**Шэрджэс**» - **6:4**, «**Инал**» - «**Спартак-Д**» - **3:6**, «**Энергетик**» - «**Нарт**» - **4:2**, «**Ислъэмей**» - «**Малка**» - **0:0**, «**Урыху**» - «**Налшык**» - **6:4**, «**Шэджэм-2**» - «**ХьэтІохъущкъуейр**» - **3:4**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Энергетик»	2	2	0	0	12-4	6
2. «Бахъсэн»	2	2	0	0	6-1	6
3. «Урыху»	2	2	0	0	9-5	6
4. «Къундетей»	2	2	0	0	8-5	6
5. «ХьэтІохъущкъуей»	2	2	0	0	6-4	6
6. «Тэрч»	2	1	1	0	4-2	4
7. «Спартак-Д»	2	1	0	1	7-5	3
8. «Родник»	1	0	1	0	1-1	1
9. «Малка»	2	0	1	1	1-3	1
10. «Инал»	2	0	1	1	5-8	1
11. «ЛогоВАЗ»	2	0	1	1	2-6	1
12. «Ислъэмей»	2	0	1	1	2-8	1
13. «Налшык»	1	0	0	1	4-6	0
14. «Шэджэм-2»	2	0	0	2	4-6	0
15. «Нарт»	2	0	0	2	3-6	0
16. «Шэрджэс»	2	0	0	2	5-9	0

Зэи ящыгъупщэнукъым

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къыщыхъуа гуэввэгъуэм я къулыкъум пэрыту хэкІуэдауэ щытащ лейтенант Къэшэж Элинэ-рэ прапорщик Хлопов Сергейрэ. КъБР-м и УФСИН-м и унафэщІ Лыхь Ислъэн Элинэ и адэ Къэшэж Іэбурэ Сергей и анэ Хлоповэ Тамарэрэ фІыщІэ тхыгъэхэр яритащ.

ИЛЪЭС 15 дэкІащ Налшык Іэщэкіэ зэщІэузэда щІэпхъэджащІэхэр къызэрыгъеуэрэ, ауэ хабзэхъумэ нЫжьыщІэхэм я гъащІэр зэрызэпыударгум икІыжыркъым.

Мазищ кьудейт Къэшэж Элинэ хабзэхъумэ Іэнатіэм щылэжьэну зэрыхунэсар, ауэ а зэман кІэщІым и лэжьэгъуэхэм ягу дыхьат. Хлопов Сергей и къулыкъур 2004 гъэ лъандэрэ ирихьэкІыт. Ауэ зыми игу къэкІыртэкъым абыхэм я гъащІэр апхуэдэу кІэщІу къыщІэкІыну.

- Дунейм тетхъым адэ-анэм дежкІэ бын нэщІэбжьым нэхърэ нэхъ гуащІэ. Зи щІэ кІыпІуэр фэрами, дэ фІыщІэ яхудощ! я напэр кьабзэу я кьалэнэр ирахьэкІын хуэдэу зи бын зыгъэсэфа дэтхэнэ адэ-анэми, - яжриІащ Лыхь Ислъэн зэІущІэм кьеблэгъахэм.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынШагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтыгъэхым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІэгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэныджэ Заирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псальэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Мы къыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: *жэуап зыхь секретарь* Кьаншокъуэ Эллэ, *редактору* ЖЬэкІэмыхьу Маринэ, *корректорхэу* Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щхьэщэмыщ1 Иэз *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.

Номерыр «Адыгэ псальэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.938 ● Заказ №1492